ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№172 (21.580) ● 2009 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж кадрхэм яхуэгъэза политикэмкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №68-ра-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэ №59-ра

2009 гъэм фокIадэм и 7-м — *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж кадрхэм яхуэгъэза политикэмкIэ щыIэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж кадрхэм яхуэгъэза политикэмкIэ щыIэ Советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №68-ра-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи абы Мэртазэ Б. С. къыхэгъэкIыжын, Абазэ Б. З., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр (Советым жэуап зыхь и секретару) хэгъэхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ
ЖАМБОРЭ Владимир

● КъБР-м и Правительствэм

Республикэм щыпсэухэм ахъшэкIэ ядоIэпыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэр ахъшэкIэ ядэIэпыкъуэнущ республикэм исхэм ящыщу цIыхуи 8-м. Апхуэдэ унафэ къыщащтащ КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ махуэ къэс цIыхуу пщIы бжыгъэхэм зыкъыхуагъазэ. Абыхэм ящыщ куэд гугъуехь зэрыхэхуам къыхэкIыу дэIэпыкъуныгъэ иратыну къолъаIуэ. Республикэм и Iэтащхьэр апхуэдэ тхыгъэхэм езыр и щхьэкIэ хоплъэ икIи зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я пщэ ирелъхьэ дэтхэнэ зы лъэIури нэгъэсауэ зэхагъэкIыну. Нэхъ дэхуэхауэ къалъытэхэм КъБР-м и Президентым и фондым е республикэ бюджетым щыщ ахъшэ хухах.

Гергоковэ Азэ республикэм и Iэтащхьэм зыкъыхуигъэзащ ахъшэкIэ дэIэпыкъуну щIэлъэIуу. ЦIыхубзым и щхьэгъусэр япэ гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуэщ, абы илъэситI япэкIэ зыхэхуа насыпыншагъэм фэбжь хихащ. Унафэ ящIащ Гергоковэ Азэ и щхьэгъусэм иригъэIэзэн папщIэ сом мин 40 иратыну.

2004 гъэм и пэщIэдзэм сымаджэ хьэлъэ хъуащ Мизиев Мухьэмэд и сабийр. Абы лъандэрэ щIалэ цIыкIур Москва дэт сабий клиникэ сымаджэщым илъэс къэс тIэунейрэ ямышэу хъуркъым. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм хухиха квотэм тету сабийр республикэ бюджетым щыщ ахъшэкIэ зигъэхъужыну ягъаIуэ. Абы къыдэкIуэу щIалэ цIыкIум и адэми сом мин 50-кIэ дэIэпыкъунущ.

Хэку зауэшхуэм хэта, етIуанэ гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуэ Здыбский Иван и нитIри катарактэм иубыдащ. 2008 гъэм и дыгъэгъазэм пенсионерыр тегушхуэри Налшык щыIэ унеи клиникэхэм ящыщ зым операцэ зыщригъэщIащ. Ауэ абы ахъшэшхуэ тригъэкIуэдами, сэбэп къыхуэхъуакъым. Иджы Здыбский Иван къытрагъэзэжу Краснодар дэт клиникэм операцэ щащIын хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ къищтащ а операцэм текIуэдэну сом мин 25-р пенсионерым щхьэщитыкIыну.

Нарткъалэ щыщ КIуэкIуэ Мадинэ и закъуэу епI илъэс 15 зи ныбжь и пхъур. Абыхэм зы пэш хъу я фэтэрым мафIэс къыщыхъури, унагъуэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. КIуэкIуэ Мадинэ республикэм и Президентым елъэIуащ ахъшэкIэ къыдэIэпыкъуну. ТелефонкIэ щепсалъэм, абы и Iуэхур зытетыр республикэм и Iэтащхьэм хуиIуэтащ. А псалъэмакъым ипкъ иткIэ, республикэм и Правительствэм унафэ къищтащ 2009 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым «цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр» и разделым къыхэкIыу абы сом мин 50 хухахыну.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету, республикэм щыщу мафIэсым и зэран зэкIа нэгъуэщI цIыху зыбжанэми ахъшэкIэ зыщIагъэкъуэнущ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ, *КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унафэщI Чеченов Ануар IущIащ Урысейм и Къэзакъхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ, къэзакъхэм я IуэхукIэ УФ-м и Президентым деж щыIэ советым хэт Задорожный Павел. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым IуэхукIэ къэкIуауэ щохьэщIэ. ЗэIущIэм хэтащ Тэрчым и къэзакъдзэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Лавриненкэ Игорь.

● КъБР-м и Парламентым

ГъащIэм жыджэру хоувэ

ЗАДОРОЖНЫЙ Павел зэрыжиIамкIэ, ар ди щIыпIэм къыщIэкIуар Урысейм и къэзакъхэр зыуэ щытын хуейуэ Президент Медведев Дмитрий къызэрилъытэр республикэм щыпсэу къэзакъхэм ягуригъэIуэн, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ организацэхэм, власть къудамэхэм ныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэхэр ярищIылIэн папщIэщ. А къалэныр игъэзащIэу, ар щыIащ Урысейм и щIыналъэ куэдым.

Мы гъэм и пэщIэдзэм Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ УФ-м и Президентым деж Къэзакъхэм я IуэхукIэ совет къызэрыщызэригъэпэщым теухуа унафэм. Ар сэбэп хъунущ Урысейм и къэзакъхэм теухуауэ щыIэ къэрал политикэр гъэзэщIэнымкIэ, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм хэтынущ.

Парламентым и унафэщI Чеченов Ануар зэрыжиIамкIэ, республикэм и властым диIыгъыну хьэзырщ зи IуэхущIафэхэр фIым хуэунэтIа жылагъуэ зэгурыIуэныгъэ псори, абыхэм мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр ягъэбыдэу ди щIыналъэр зэкъуагъэувэнымкIэ ядэIэпыкъунущ. Абы гу лъаригъэтащ Налшык и дыхьэпIэм деж «Навеки с Россией» теттхауэ щаухуа Зэныбжьэгъугъэм и аркэр ауэ сытми фэеплъ къудейуэ зэрыщымытым, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и унэтIыныгъэр къызэригъэлъагъуэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэми. Абы и унафэщIу Къанокъуэ Арсен зэрыхахрэ, иужьрей илъэсхэм социально-экономикэ щытыкIэм шэщIауэ зиужь зэпытщ. Чеченов Ануар къыхигъэщащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр республикэм и властым дежкIэ зэрыкъалэн нэхъыщхьэр икIи дунейпсо финанс кризисым емылъытауэ, ар абы къызэрехъулIэр. Яубзыхуауэ щыта социально-экономикэ программэ псори тэмэму ягъэзащIэ, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэр зэпIэзэрытщ. Гъэ къэс къызэIуах мэкъумэш-промышленнэ IуэхущIапIэхэр, социальнэ IэнатIэхэр. ХьэрычэтыщIэ цIыкIумрэ курытымрэ дэIыгъыным хухах мылъкум иужьрей илъэсхэм хэхъуащ, абы гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу. Властымрэ политикэ парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ зэгурыIуэу зэдэлажьэ хъуащ. Республикэр мамыру, зэгурыIуэныгъэр щытепщэу псэун папщIэ ахэр псори зэакъылэгъуэщ.

Задорожный Павел гу зэрылъитащи, къэзакъхэм я жылагъуэ организацэхэр, Урысейм и щIыналъэхэм щынэхъыщхьэ лъэпкъхэм ящIыгъуу, хуейщ къэрал лъэщым, щхьэхуитым, социальнэ захуагъэм тетым щыпсэуну. Чеченов Ануар къыбгъэдэкIыу ахэр къыхуриджащ республикэм и жылагъуэ гъащIэм нэхъ жыджэру хэтыну.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.

Дызыгъэпlейтей Iуэху · Футбол · Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
Тхыдэ · Щэбэт къыдэкIыгъуэ · Малъхъэдис

● Къэрэшей-Шэрджэсым къратхыкI

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)*: **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Къул Фардаус, Аттаев Жэмал, Урусов Биболэт, Мэзыхьэ Борис, Къэбалэ Жаннэ, Къардэн Мухьэмэд.**
Сурэтыр **IЭХЪУЭБЭЧ Илья** *трихащ.*

КъБР-м щапхъэ егъэлъагъуэ

КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и жэрдэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ ди къуэш республикэм щыщ депутат гуп, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ, регламентымрэ мандат IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Урусов Биболэт я пашэу. Ахэр зытекIухьар къэралыгъуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэ гъэпсыкIэр КъБР-м къызэрыщызэрагъэпэщым, мылъку-Iэмэпсымэ лъабжьэкIэ абыхэм я Iуэху зэрыхуэщIам, къэрал учредителхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ зэрызэдэлажьэ щIыкIэм, нэгъуэщI щхьэхуэныгъэхэм зыщагъэ гъуэзэну арат, газетхэм я лэжьыгъэм и пIалъэу КБР-м щызекIуэхэр езыхэм къагъэсэбэпын мурадкIэ.

ЗЫТЕКIУХЬАМ кърикIуахэм я гугъу щищIым, **Урусов Биболэт** жиIащ:

- Дэ дыщыIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Печатым и унэм, даIущIащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр Пащты Борис, Парламентым а Iуэхухэр зезыгъакIуэ и комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэ, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Аттаев Жэмал, Къардэн Мухьэмэд сымэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзыхьэ Борис, нэгъуэщIхэми. Зэхэтхами дагъэлъэгъуахэми гупсэхугъуэ инрэ къытхуэщхьэпэн куэдрэ къыхэтхащ.

Пэжщ, дэ тлъэгъуахэм ебгъапщэ мыхъуну куэдым хущощIэ Къэрэшей-Шэрджэсым щылажьэ журналистхэр. Налшык дэт Печатым и унэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ, лэжьапIэ пэшхэр нэхущ, Iэхуитлъэхуитщ, иджырей Iэмэпсымэхэр щIэтщ, зы къыдэкIыгъуэм техуэ гонорарыр лъагэщ (сом мини 7-м нос), улахуэ хъарзыни къахь. А псом и щIыIужкIэ, КъБР-м щыIэ газетхэр я учредителхэм къыгуэхыпIэ имыIэу ядолажьэ икIи я щхьэ хущыт IуэхущIапIэщ. Абыхэм елъытамэ, дэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр, куэдым дыхуэныкъуэщ. Ди жагъуэ мэхъу КъШР-м и къэрал къулыкъущIэхэм къэрэшей, адыгэ, абазэ, нэгъуей, урыс газетхэр зыхуей хуэзэу къыдэкIынымкIэ мылъкурэ иджырей IэмэпсымэкIэ къызэрызэрамыгъэпэщыр, журналистхэм яхуэфащэ улахуэ зэрырамытыр. А Iуэхур ЦIыхубэ Зэхуэсым мызэмытIэу къыщыхалъхьащ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зыIут гугъуехьхэм Правительствэм гу лъригъэтэну хэту. 2008 гъэм и мэлыжьыхь мазэм КъШР-м и Парламентым къищтат Къэрэшей-Шэрджэсым и къэрал IуэхущIапIэу щыт газет редакцэ хэр мылъкукIэ къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ унафэ, а гъэ дыдэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъШР-м и Парламентым и президиумым зыхуигъэзащ КъШР-м и Президенту абы щыгъуэм щыта Батдыев Мустэфа, республикэ властым и IэмыщIэ илъ газетхэм я мылъку-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным и IуэхукIэ. Ауэ а документхэр жэуапыншэу къэнащ.

- Шэч хэмылъу зэхъуэкIыныгъэхэм дыхуейщ, - жеIэ адэкIэ Урусов Биболэт. - Псом хуэмыдэу щIэплъыкIыжыпхъэщ ди газетхэм я мылъкур зэрызэрагъакIуэмрэ я IуэхущIапIэр зэрызэрахьэмрэ теухуа лъэныкъуэр, ахэр къэрал IуэхущIапIэу щыщыткIэ, казначействэм пыщIауэ щытын зэрыхуейр къалъытэурэ. Газетхэм я тиражыр къэIэтын, журналистхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейми шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. ИкIи а Iуэху къиин къомыр ТедзапIэ унэ къызэIупхкIэ зэфIэха хъунукъым. Газетхэр зы IуэхущIапIэу зэхэгъэхьэжыныр яфIэкъабылкъым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми республикэм щыпсэу ди хэхакIуэхэми. КъШР-м и Правительствэм къищта Унафэ №280-м иджыри зэ егупсысыжыпхъэу, Iухыжыпэн хуейуэ къызолъытэ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр си лэжьэгъу депутатхэми къыздаIыгъыну согугъэ, сыту жыпIэмэ, КъШР-м и Парламентым и IэмыщIэ илъыр зы къэрал IуэхущIапIэкъым, атIэ бзэ зэхуэмыдэкIэ къыдэкI газетитхум я унафэщ. Парламентыр щытын хуейщ Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ псоми я зэхуэдэ джэлэсу.

«День республики» газетым къитхыжащ.
Черкесск къалэ.

Дэ зэуэс республикэхэм

Адыгейм зегъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президент ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий щIыналъэм щыщыIэ экономикэ щытыкIэм «Российская газета», «Известия» газетхэм я журналистхэм иджыблагъэ яхутепсэлъыхьащ.*

АДЫГЕЙМ и Президентым журналистхэр щигъэгъуэзащ промышленность, мэкъ умэш, спорт, щэнхабзэ IэнатIэ хэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм, зыужьыныгъэхэм, Сочэ къалэ щекIуэкIыну 8-нэ дунейпсо инвестицэ форумым щагъэлъэгъуэну проектхэм, нэгъуэщIхэми.

Адыгейм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу а газетхэм республикэм теухуа «ЩIыналъэ. Адыгэ Республикэ» тхыгъэшхуэхэр къытрадзэнущ.

Iуэхум зихъуэжрэ?

Президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, республикэм лэжьапIэншэу щатхахэм проценти 3,6-кIэ кIэрыхуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Теувэж, Джаджэ районхэм IэнатIэншэхэр щынэхъыбэщ.

АДЫГЕЙМ цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал управленэм къызэритамкIэ, лэжьапIэншэу я деж щатхахэр цIыху мини 7,4-м ноблагъэ. Апхуэдэу щыхъукIи, лэжьыгъэ IэнатIэу щыIэр мини 2,2-рэщ.

ЩIыналъэхэм зыщIагъакъуэ

АБХЪАЗ. *Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ щыIэ щытыкIэм теухуа «стIол хъурей» иджыблагъэ Сочэ къалэ щекIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Урысей Федерацэм, Абхъазым, Осетие Ипщэм, Арменим, Азербайджаным я политологхэр, тхыдэтххэр, журналистхэр.*

«СТIОЛ хъурейм» къыщаIэтащ иджырей зэманым Кавказ Ипщэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр дунейпсо зэгухьэныгъэм къилъыта зэрыхъуну щIыкIэр, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ ирагъэкIуэкI политикэр, Урысей Федерацэм и газетхэм, телевиденэм, радиом абыхэм теухуауэ ягъэхьэзыр тхыгъэхэм, нэтынхэм мыхьэнэуэ яIэр зыхуэдэр, нэгъуэщIхэри.

IэнатIэщIэхэм йогупсыс

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ФокIадэм и 17-20-хэм Сочэ къалэ щекIуэкIыну 8-нэ дунейпсо экономикэ форумым КъШР-м щигъэлъэгъуэну инвестицэ проектхэр щIыналъэм и туризмэм, гидроэнергетикэм, ухуэныгъэ, мэкъумэш IэнатIэхэм, нэгъуэщIхэми зегъэужьыным хуэгъэпсащ.*

РЕСПУБЛИКЭМ Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Каминская Янэ зэрыжиIамкIэ, а проектхэр нэсу къайхъулIэмэ, абыхэм я фIыгъэкIэ лэжьыгъэ IэнатIэщIэу мин 12-м нэблагъэ къызэIуахыфынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ

Урысей Федерацэм и футболымкIэ и премьер-лигэ

ПощIэ езанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Локомотив» *(Мэзкуу)*

Налшык. «Спартак» стадион.
ФокIадэм и 13-м.
Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 15-м.

Фашизмэм IэщIэкIуэдахэм я фэеплъ махуэ

1962 гъэм унафэ къащтащ фокIадэм и етIуанэ тхьэмахуэ къэс фашизмэм IэщIэкIуэдахэм я дунейпсо фэеплъ махуэр ягъэлъэпIэну. Ар Iэмал имыIэу а мазэм техуапхъэу къалъытащ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щыщIидзари, ар и кIэм нэсу щиухыпари абы зэрытехуам къыхэкIыу.

ФАШИСТХЭМ текIуэныгъэр къахьатэмэ, зи фейдэ къыхэкIыну къэрал е абыхэм я фIыгъэкIэ зи Iуэху ефIэкIуэну щыта лъэпкъ мы дунейм теткъым. Абы и идеологием ажал, зэтекъутэныгъэ къахуихьащ и телъхьэу щытахэми абы пэщIэувэу псэемыблэжу езэуахэми. Илъэс щэ ныкъуэрэ плIырэ ипэ нацистхэр къызэтрагъэувыIэу зэхакъутэну яхузэфIэкIащ зыкIи зэмыщхь, псэупIэ зэтемыхуэ зиIэ лъэпкъхэм. Абыхэм я сэлэтхэр зэкъуэувэри, щытекIуащ а зауэ гущIэгъуншэм.

Пщэдей щIы хъурейм фэеплъ махуэр щагъэлъэпIэнущ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэта къэралыгъуэ псоми. Джэгум, гуфIэгъуэм пыщIа Iуэхугъуэ псори ягъэIэпхъуэнум и закъуэкъым, атIэ а зауэжьым и кхъащхьэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, хэкIуэдахэм яхуэщыгъуэнущ.

КЪУНДЕТ Тыгъуэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Къэрал щхьэхуитхэр къалъытэ

Венесуэлэм и президент Чавес Уго вэсэмахуэ зи гугъу ищIа дипломат зэхущытыкIэхэм Iэ щIадзыну Абхъазым и лIыкIуэхэр дыгъуасэ пщэдджыжьым Каракас кIуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, къэрал IуэхукIэ Москва къеблэгъауэ, Чавес Уго вэсэмахуэ пщыхьэщхьэм жиIат Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ къэрал щхьэхуиту Венесуэлэм къызэрилъытэр икIи дипломат зэхущытыкIэхэр а къэралыщIэхэм ярищIылIэну зэрыхуэхьэзырыр.

Абхъазым къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министр Шамбэ Сергей зэрыжиIамкIэ, Сыхъум икIа лIыкIуэхэр Латин Америкэм щолажьэ икIи ахэр щыIащ Кубэм, Венесуэлэм, Абхъазым дипломат зэхущытыкIэхэр къезыщIылIа Никарагуам.

- Латин Америкэм и къэралхэм дэ куэд щIауэ дадолажьэ. Абы къыхэкIыуи, Чавес къищта унафэр уэгум къехуэхакъым. Дэ ди лIыкIуэ Венесуэлэм щыIэщ, абы и президентым тхыгъэ куэд хуедгъэхьащ, я унафэщI куэдми даIущIащ, а унафэр къащтэн папщIэ, - жеIэ Шамбэ Сергей.

Абы и псалъэхэр зэрыпэжым и щыхьэту, Никарагуам къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министр Самуэль Сантосрэ Абхъазым къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Квинджие Максимрэ вэсэмахуэ Манагуа Iэ щыщIадзащ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхуаIэ зэрыхъуам и щыхьэт тхылъхэм. Абыхэм къызэрыщылъытамкIэ, къэралитIыр зэдэлэжьэнущ политикэ, щIэныгъэ-техникэ, экологие, гуманитар, щэнхабзэ IуэхухэмкIэ. ЛъэныкъуитIыр зэгурыIуащ я правительствэхэми жылагъуэ организацэхэми занщIэу зэрызэпащIэнумкIэ.

Пэжыр къыщIощ

Японием и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэратамкIэ, Тибэ префектурэм и бюджет ахъшэу йен мелардищ (доллар мелуан 32-рэ) зытемыкIуэдапхъэ Iуэху хэзылъхьа къэрал унафэщIхэм езым я унеи мылъкуу бюджетым къыхалъхьэжын хуейщ йен мелуан 700 (доллар мелуани 7,6-рэ).

2003-2007 гъэхэм къриубыдэу бюджет ахъшэ зытемыкIуэдапхъэ Iуэхухэм а унафэщIхэм хухахащ йен мелардищ 3 хуэдиз. Абы щыщ мылъкушхуэ хуаутIыпщат унеи компаниеу 39-м, оборудованэ къыщащэху хуэдэурэ, Iуэхутхьэбзэ нэпцIхэр тхылъымпIэхэм къыщагъэлъагъуэурэ. Иджыри йен бжыгъэшхуэфI, Iэмалыншэу щымытми, транспорт къэгъэсэбэпыным трагъэкIуэдащ. Адрей зи гугъу ящI йен мелуан 700-р «хьэуам хэткIухьащ», уеблэмэ, я лъэужь къэзыгъэлъэгъуэж щыхьэт тхылъ нэпцIи къащIэнакъым. А Iуэхухэр къэралым и прокуратурэм зэхегъэкI. Префектурэм щылэжьауэ пенсэ кIуахэри хэту, ахъшэ халъхьэжыну къатохуэ цIыху мини 5-рэ 400-м.

Обамэ къопсалъэ

Дунейпсо экономикэ кризисым теухуа псалъэмакъ кIыхькIэ США-м и президент Обамэ Барак къэралым и цIыхухэм блыщхьэм захуигъэзэнущ.

Ар тепсэлъыхьынущ щытыкIэ гугъум къэралыр къыхэшыным ехьэлIауэ ялэжьахэм, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху шынагъуэхэр къэмыхъун папщIэ щIэн хуейхэм.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 12, *щэбэт*

◎ **Япэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъуным и дунейпсо махуэщ.** 2000 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ Жор Плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ Плъыжьымрэ я дунейпсо зэщIэхъееныгъэм я жэрдэмкIэ.
◎ Илъэс 85-рэ ипэ Совет Союзым къыщащтащ патентхэмрэ къагупсыса хьэпшыпхэмрэ я законыр. Ар а Iуэхугъуэм ехьэлIа япэ щыхьэт дэфтэрщ.
◎Илъэс 65-рэ ипэ СССР-мрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щытекIуа къэралищымрэ зэгурыIуащ Германиер яубыду Берлин и унафэ зэращIынумкIэ.
◎1492 гъэм Колумб Христофор Америкэр къызэIуихащ.
◎ 1953 гъэм Хрущев Никитэ КПСС-м и ЦК-м и япэ секретару хахащ.
◎ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 40-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 25-м.**
◎ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 45-рэ.**

ФокIадэм и 13, *тхьэмахуэ*

◎ **Байкал гуэлышхуэм и махуэщ**
◎**Программистхэм я махуэщ**
◎ФокIадэм и 13-15-хэм Ваксьо (Швецие) щызэIущIэнущ Евросоюзым хэт къэралхэм мэкъумэш хозяйствэмрэ бдзэжьей гъэхъунымкIэ я министрхэр.
◎ФокIадэм и 13-15-хэм Москва щекIуэкIынущ лыжх узымкIэ дохутырхэм я VII Урысейпсо съезд.
◎ 1762 гъэм Екатеринэ II Урысейм и пащтыхь къулыкъум пэрыуващ.
◎ 1937 гъэм Адыгэ автоном областыр Краснодар щIыналъэм гуагъэхьащ. Ставрополь крайм хагъэхьащ Шэрджэс автоном областри.
◎1942 гъэм Сталинград зэхэуэм щIидзащ.
◎ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 41-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 24-м.**
◎ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 43-рэ.**

ФокIадэм и 14, *блыщхьэ*

◎ Урысей Федерацэм и Президент **Медведев Дмитрий** къыщалъхуа махуэщ (1965).
◎1829 гъэм Iэ щIадзащ Адрианополь и мамыр зэгурыIуэныгъэм. Абы кIэ иритащ 1828-1829 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм. Урысейр текIуэри, Хы фIыцIэ Iуфэм и Iыхьэшхуэ зыIэригъэхьащ, Босфор, Дарданелл псы дэхыпIэхэр икIи ахэр сатуущI кхъухьхэм папщIэ къызэIуахащ. Тенджыз ФIыцIэ Iуфэм сату щищIыну Урысейр хуит хъури, Кавказым и щIыналъэ нэхъыщхьэхэр зэгуигъэхьэу щIидзащ.
◎ ФокIадэм и 14-17-хэм Страсбург (Франджы) Европарламентым и сессие щекIуэкIынущ.
◎ ФокIадэм и 14-15-хэм Брюссель (Бельгие) щызэхэтынущ Евросоюзым хыхьэхэм къэрал щIыб IуэхухэмкIэ я министрхэр.
◎ФокIадэм и 14-25-хэм Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIынущ ООН-м сатумрэ зыужьыныгъэмкIэ и Конференцым (ЮНКТАД) и 56-нэ сессие.
◎Норвегием и Парламентыр щыхахынущ.
◎ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 42-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 22-м.**
◎ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 40-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
ЩIалэм ебгъэлъагъур и гъуэгущ.

Каир и тхыдэтх

● Гу зылъытапхъэ

ИНДЖЫЛЫЗ тхакIуэ зэчиифIэ Олдридж Джеймс 1918 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Австралием щыщ Уайт-Хилс къалэ цIыкIум къыщалъхуащ. Ар Мельбурн дэт коммерческэ колледжым щеджащ. 1938 гъэм Джеймс Инджылызым Iэпхъуащ. ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щекIуэкIым ар корреспонденту лэжьащ. 1940 гъэм щыщIэдзауэ абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхыгъэ зыбжанэ: «Напэм и Iуэху» (1942), «Хыбгъэ» (1944), «Дипломат» (1949), «ЩакIуэ» (1950), «ЩIэплъыпIэ нэщIым и лIыхъужьхэр» (1954), «Ар лIэну сыхуейкъым» (1957), «Иужьрейуэ лъахэр зрагъэбгына» (1961) романхэр, «ЦIыху куэдым ятеухуа» новеллэ Iэрамэ.



ТхакIуэм СССР-м пыщIэныгъэфIхэр хуиIэу щытащ икIи къухьэпIэ къэралхэм абы и зэфIэкIым хуэфщэн гулъытэ зэрыщимыгъуэтам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ ар къалъытэ. Олдридж Джеймс и IэдакъэщIэкIхэр щIэх-щIэхыурэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIыурэ Совет Союзым къыщыдэкIащ. 1971 гъэм ар Москва щекIуэкIа VII кинофестивалым и жюрим хэтащ, 1973 гъэм абы «Лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ мамырыгъэр гъэбыдэнымкIэ» Ленин саугъэтыр хуагъэфэщащ.

Мысырым и президент Насер Гамаль и лъэIукIэ Олдридж 1959 гъэм, «мыкIуэдыжын къалэр» илъэс 1000 щрикъум ирихьэлIэу, Каир и тхыдэм теухуа тхылъ игъэхьэзыращ. Абы и напэкIуэцI куэд яубыдащ 1382 - 1517 гъэхэм Египетымрэ Сириемрэ тепщэныгъэр щызыIыгъа адыгэ мамлюкхэм.

Олдридж Джеймс и тхылъым щыщ Iыхьэ 3-нэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм шыщхьэIум и 31-м *№76-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалистическэ Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ:

1. КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным, зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ зи къалэн гуп къызэгъэпэщын, икIи абы мы Унафэм и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и пщэ илъхьэн:

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэр игъэбелджылыну икIи ахэр ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

юбилей Iуэхугъуэхэр зэрырагъэкIуэкIыну мылъку яхуихыну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

2009 гъэм шыщхьэIум и 31-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкIа Унафэ №76-РП-мкIэ къащтащ

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ зи къалэн гупым

ХЭТХЭР

ДыщэкI М. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(къызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщIщ)*

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(къызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Бегиев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Вэрокъуэ В. Хъ.- Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмк Iэ и жылагъуэ фондым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Зумакуловэ Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат къэрал еджапIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

КхъуэIуфэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

КIыщокъуэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыIэм и къуэдзэр

Къуныжь Хь. А. - Шэджэм муниципальнэ куейм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и администрацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Мамбэт М. Хь. - Шэджэм муниципальнэ куейм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Опрышкэ О. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтыр *(зэгурыIуауэ)*

Саенкэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр*(зэгурыIуауэ)*

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

●ДызыгъэпIейтей Iуэху

Къызыхуэтыншэу хуагъэхьэзыр

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ щыIэ республикэ комиссэм и зэIущIэ иджыблагъэ зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ къалэнхэр зыгъэзащIэ Уянаев Казым.

ПРОМЫШЛЕННОСТЫМКIЭ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр къалэнхэр зыгъэзащIэ **Абрэдж Iэдиб** и докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, лэжьыгъэ псори зэраубзыхуам тету йокIуэкI.

- «2002 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ зэращIынумрэ ар зэрырагъэфIэкIуэнумрэ» программэ хэхам ипкъ иткIэ, республикэ бюджетым а Iуэхум сом мелуани 136-м щIигъу хухихащ, - жиIащ абы. - Нобэ ирихьэлIэу къызыхуэтыншэу щIымахуэм хуэдгъэхьэзыращ псэупIэ унэу 2915-рэ, котельнэу 346-рэ, хуабэ кIуапIэу километр 485,9-рэ, хуабэ гуэшыпIэ нэхъыщхьэу 58-рэ, псы хъумапIэу 526-рэ, насос станцу 557-рэ, псы кIуапIэу километр 33 344-рэ, щIэжыпIэу километр 516,2-рэ, псы гъэкъэбзапIэу 25-рэ. Гъэсыныпхъэу тонн 736-рэ дгъэтIылъащ. Муниципальнэ районхэм ящыщу я псэупIэ фондыр щIымахуэм зэрыхуэхьэзырымкIэ паспортыр псом япэу къитащ Шэджэм куейм хыхьэ Звезднэ поселкэм.

Министр къалэнхэр зыгъэзащIэм зэрыжиIамкIэ, нобэ муниципальнэ псэупIэхэм лифт 445-рэ къагъэсэбэп. Къалэ, район администрацэхэм я къалэнщ абыхэм я техникэ щытыкIэм тклийуэ кIэлъыплъыну, тэмэму яхъумэну, зэрахьэну. Я пIалъэр зэрикIам къыхэкIыу, лифт 26-рэ хъуэжын хуейщ. Нэгъабэ 34-рэ щIэкIэ зэрахъуэкIащ, мы гъэм 14 яхъуэжынущ. Къытпэщыт гъэплъыгъуэ зэманым зыхуагъэхьэзырын папщIэ, къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 80 хуаутIыпщащ.

- Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэми лэжьыгъэшхуэ зэфIех: псы кIуапIэхэр, хъумапIэхэр, гъэкъэбзапIэхэр еухуэ. «2010 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм зэрызаужьынур» республикэ программэм хухаха ахъшэм щыщи хыхьэу, нобэ ирихьэлIэу жылагъуэхэм сом мелуан 80-м щIигъу и уасэ лэжьыгъэ щызэфIагъэкIащ, - къигъэлъэгъуащ Абрэдж Iэдиб.

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр дэIыгъынымкIэ Фонд» Къэрал корпорацэм къыбгъэдэкIыу нэгъабэ бадзэуэгъуэм и 25-м республикэ бюджетым кърататщ сом мелуан 285-рэ мин 558-м щIигъу. Абы щыщу сом мелуани 104-рэ мин 456-р унэ кхъахэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным, мелуани 181-рэ мини 102-м нэблагъэр фэтэр куэд хъу псэупIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным хухахащ.

- Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм къыдата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, фокIадэм и 4-м ирихьэлIэу сом мелуан 237-рэ мини 177-м щIигъу къагъэсэбэпащ. Программэм ипкъ иткIэ, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну къыхаха фэтэр куэд хъу уни 115-м щыщу 111-м лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ. Апхуэдэу унэ никъуэкъутэхэм щIэсхэр кърищIэдгъэкIын папщIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр егъэфIэкIуэным и щIэгъэкъуэн фондым и правленэм и унафэкIэ, мы гъэм мэлыжьыхьым и 6-м республикэ бюджетым сом мелуан 259-рэ мин 23-м щIигъу кърататщ. АбыкIэ налшыкдэс 1184-м я псэупIэхэр едгъэфIэкIуэнущ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Абрэдж Iэдиб щхьэхуэу зэпкърихащ я министерствэм хыхьэ предприятэхэм щIымахуэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэми. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, отчет лъэхъэнэм къриубыдэу Iуэхугъуи 134-рэ зэфIагъэкIыну траухуати, псори и пIалъэм яухащ.

- Нобэ ирихьэлIэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэхэм я процент 89-р, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и предприятэхэм я процент 79-р щIымахуэм хуэхьэзырщ, - къыхигъэщащ министрым.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм и къуэдзэ Ацкъан Ратмир, «Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм электрокъарур тезыгуашэ компание» ОАО-м и республикэ къудамэм и унафэщI Гъубжокъуэ Юрэ, «КъаббалъкъгазI» IуэхущIапIэм и инженер нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Малил, Дзэлыкъуэ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Выйдыжь Резуан, «Кавказкабель» кабельнэ завод» ЗАО-м и унафэщI Кузнецов Владимир, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Васильченкэ Евгение, нэгъуэщIхэри.

Зытепсэлъыхьахэм теухуа унафэ зэIущIэм къыщащтащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

●Iуащхьэмахуэ куей

Губгъуэр къощIэращIэ

Илъэс къэскIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ туризм, альпинизм центрхэр ирагъэфIакIуэ.

ИУЖЬРЕЙ зэманым хьэщIэщ, шхапIэ, тыкуэн жыпIэми мащIэ щаухуакъым абы. А псом я щхьэжу ущымыгуфыкIыу къанэркъым Нартсанэ губгъуэр зыхуей хуэзэу къызэрызэрагъэпэщам. Мы щIыпIэм турист, зыгъэпсэхуакIуэ куэд къыщызэтоувыIэ, зыщагъэпсэху.

Иджы машинэ автобус гъэувыпIэхэр щхьэхуэу къахухьащ, и кIуэцIыр асфальткIэ кърашIыкIащ. Япэм хуэдэу хэт дэнэ деж къыпэщIэхуэми транспортхэр ягъэувынукъым. ЗекIуапIэ гъуэгухэм асфальт тралъхьэ, ибгъухэм удз гъэгъахэр екIуэкIыу кърагъэтIысэкIынущ. ШхапIэ ини, цIыкIуи кърашIэкIащ, псы ежэхым и Iуфэм зыщыбгъэпсэху, ущедзакъэ хъуну стIол тетIысхьэпIэхэр Iуагъэуващ. ШхапIэхэм языхэзым и гупэ гуэл цIыкIу щытым бдзэжьей ещапIэ щащIащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Аэмэт.

Муслъымэн махуэгъэпс

Къэдэр жэщыр

Рэмэзан нэщI мазэм хэтщ «Къэдэр» жэщ лъапIэр. А жэщыр, КъурIэным къызэрыщыкIуамкIэ, мазэ мин нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

IИСРАIИЛ и бынхэм я тетыгъуэм щыгъуэ лIы угъурлы гуэр псэуат, жаIэ, мазэ минкIэ и Iэщэр махуэхэм зыкIэримыхыу Тхьэм и диныр ихъумэу, жэщхэми (нэхущ хъухункIэ) Тхьэм хуэлажьэу щытауэ. Мухьэмэд бегъымбар лъапIэм а лIым и хъыбарыр цIыхухэм щахуиIуэтэжым, ар муслъымэнхэм ягъэщIагъуэри, хуабжьу ехъуэпсат. Апхуэдэу щыхъум, Къэдэр жэщ лъапIэм теухуа сурэр Тхьэм бегъымбарым къыхуригъэхащ, а лIым и мазэ мин псапэ лэжьыгъэм нэхърэ зы жэщ закъуэм и лъэпIагъыр нэхъыбэу къыщиIуатэу!

Тафсирхэм зэрыжаIэмкIэ, Хьэрш Иным щыIэ «Лэухь-Мэхьфужь» Тхьэ Иным и тхыгъэ хъумапIэм КъурIэныр къыхуригъэхри, дуней уафэхэм къэс кърригъэхьэхащ. ИужькIэ, илъэс тIощIрэ щыкIэ ДжэбрэIил мелыIычым КъурIэн лъапIэр Тхьэм щиуха пIалъэм тетурэ Мухьэмэд бегъымбарым къыхуихьащ.

«Къэдэр» жэщым бгъэзащIэ псапэхэр нэхъ лъапIэщ апхуэдэ жэщ зыхэмыт мазэ миным зы цIыхум хуэлэжьэфыну псапэм нэхърэ. Тхьэм къахуищIа унафэмкIэ мелыIычхэр (ДжэбрэIили яхэту) хуит ещIри, щIым къох. Тхьэм и нэфIыр а жэщым нэхущ хъухункIэ цIыхухэм ялъэIэсынущ. Къэдэр жэщым мыпхуэдэ нэщэнэ иIэщ: уафэр нэхуу, бзыгъэу зэщIоблэ, дунейр мыхуабащэу икIи мыщIыIэу, уэму щытынущ, пщэдджыжьым дыгъэр къыщIэкIынущ фагъуэу, джафэ хъурейуэ, мэзэгъуэ жэщым ещхьу.

Рэмэзаным илъэс къэс Къэдэр жэщ лъапIэр хэтыну бегъымбарым игъуса щэхьабэ цIыхухэми еджагъэшхуэхэми жаIащ. Ар нэщIым и 27-нэ жэщым нэхъ хуэзэу къалъытэми, бегъымбар лъапIэм дыкъыхуриджащ нэщIым и жэщ псоми дымыбэлэрыгъыну, зы илъэсым зы жэщым, къыкIэлъыкIуэм нэгъуэщIым техуэнкIэ зэрыхъунум къыхэкIыу. Псом хуэмыдэу нэщIым и иужьрей жэщиплIым гугъу зегъэхьыпхъэщ, Тхьэм куэдрэ елъэIупхъэщ. «Яллыхь, гъэгъуакIуэр Уэращ! Гъэгъуныгъэр Уи гуапэщ, си гуэныхьыр къысхуэгъэгъу» жыхуаIэ духьэмкIэ куэдрэ улъэIуэну фIыщ. Езы бегъымбар лъапIэм а жэщхэр мэжджытым щигъакIуэрт, Алыхь иным хуэлажьэурэ. Тхьэ Иным кърригъэхьа сурэм къыщигъэлъэгъуащ КъурIэныр къыщеха жэщ лъапIэр Рэмэзан нэщI мазэм зэрыхэтыр, ауэ ар дэтхэнэ жэщрами зыхуэзэр белджылыуэ къиIуатэкъым, езы Рэмэзан нэщI мазэр зэрылъапIэ дыдэм къыхэкIыу.

Хэт бытырыр зытехуэр?

НэщI мазэм кърихубыдэу муслъымэн псоми бытырыр ятыну я борщщ, ар яхуэзэфIэкIыну щытмэ. Бытырыр къатохуэ балигъхэми, сабийхэми, зи акъылыр мытэмэмхэми.

ХЬИД махуэм и пэ къихуэу бытыр зымытахэми ар абыхэм я боршу къонэ къыкIэлъыкIуэ махуэхэм е щахузэфIэкIым деж ятыжыну.

Бытыру птыну къагъэлъэгъуар гъавэхэкIхэращ. Гуэдзмэ (е абы и хьэжыгъэмэ) цIыху къэс килитI хуэзэу, нэгъуэщI гъавэхэкIмэ- килиплI. Дурысщ гъавэм и уасэр ахъшэу птынуи. ИкIи ар нэхъ лъапIэщ гъавэ щыщыIэ зэманым деж. Бытырым хуэзэ ахъшэр зытепщIыхьынур нэщIикIыж хьид пщэдджыжьым гъавэхэкIхэм яIэ уасэхэрщ. Нэхъ ипэкIэ птауэ, а пщэдджыжьым уасэхэм хэхъуауэ щытмэ, бытыру птам хуэчэмыр щIыбгъужынущ.

Бытырыр епт хъунущ сэдэкъэ зрат къулейсыз псоми, зеиншэхэми, никъуэдикъуэу зи Iыхьлым ямыпIыжыфхэми, ахэр къыбдалъхуауэ, укъэзылъхуауэ, уи быну, абы и быныжхэу щымытмэ.

Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Сыбэч Мурат хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, зы цIыхум хуэзэу мы зэманым бытыру тыпхъэщ тумэнитху. ПхузэфIэкIынумэ, а бжыгъэм хэбгъахъуэ хъунущ.

Хьид махуэ лъапIэр

НэщI мазэр щиух Хьид махуэр муслъымэн псоми зэдагъэлъапIэ, цIыхухэр зэхуэарэзыуэ, зэщыгуфIыкIыу зэхохьэ.

НэщIикIыж пщэдджыжьым балигъ хъуа, узыншагъэ зиIэ цIыхухъум, унэрысым, мэжджыт здэщыIэ жылагъуэм щыпсэум, къытохуэ хьид нэмэзыр ищIыну. Нэхъ псапэщ уи хьэблэ дэт мэжджытым хьид нэмэзыр щыпщIыну.

Апхуэдэу псапэщ хьид нэмэзым укIуэн и пэкIэ зыбгъэпскIыну, зыгуэр пшхауэ ущIэкIыну, уи дзэр плъэщIыну, дыху зыщыпхуэну, бытырыр умытамэ, нэмэз щIыпIэм унэмыс щIыкIэ а къалэныр зэфIэбгъэкIыну.

Псапэщ, пхузэфIэкIынумэ, мэжджытым лъэсу укIуэныр, ди бегъымбар лъапIэм зэрихабзэу щытам хуэдэу, нэмэз щIыпIэм унэсыхункIэ тэкбиркIэ Алыхьыр зэчыр пщIыныр (уигу къэбгъэкIыныр).

Мэжджытым унэса иужь, хьид нэмэзым и пэкIэ абдеж псапэ нэмэз щыпщIыну кърагъэкIуркъым, ар ди бегъымбар лъапIэм и хабзэу зэрыщымытам къыхэкIыу. Апхуэдэуи, хьид нэмэзыр зэфIэкIа иужьи, абдежым псапэ нэмэз щыпщIынри къемызэгъщ.

Мэжджытым хьид нэмэзыр пщIыну ущыкIуэкIэ, Алыхьым и унэм хьэщIапIэ укIуэу аращи, Iэдэбыгъэ, хьэл-щэн дахэ пхэлъын хуейщ. ЦIыхухэр мэжджытым щызэхуэгъэдащ я увыпIэкIэ, Iимамым къиищынэмыщIа.

Дыгъэр зы бжы е бжитI хуэдизкIэ къыдэкIуэтейуэ хьид нэмэзым и уахътыр къихьа иужь, нэмэз зыщIынухэр сатыру мэув, цIыхухъу нэхъыжьхэр япэ сатырхэм хоувэ. Зи ныбжькIэ нэхъ щIалэхэр абыхэм я щIыбагъым доувэ.

НэщIикIыж хьидыр нэмэз рэкъыхьэтитI (тIысыгъуитI) мэхъу. Абы азэни, къомэти иIэкъым. Хьид нэмэзыр Iимамым ярегъэщI, абы и ужькIэ уазитIым цIыхухэр ярегъэдаIуэ.

Хьид махуэшхуэр цIыху нэщIахэм я пщIэр щратыж лъэхъэнэщ, муслъымэнхэр хъуэхъуакIуэ, лъагъунлъагъу зэхуэкIуэн хуейщ, ауэ мы махуэ лъапIэм фадэр къремыщтэ зи псапэхэр псыхэкIуадэ хъуну хуэмей дэтхэнэми.

ПЩЫХЬЭЩIЭ ЛатIиф,
диным и лэжьакIуэ.

●ФокIадэм и 13-р Танкистым и махуэщ

Хъулам щыщ генерал

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ хахуэ Деппуев Хьэким Сэфар и къуэр илъэс 42-кIэ щапхъэ къигъэлъагъуэу дзэм хэтащ. Взводым и командиру къыщIидзэри, абы къикIуащ щIыхь зыпылъ гъуэгуанэшхуэ, танкыдзэм и генерал-майорым нэсащ.

Япэ махуэм щегъэжьауэ Деппуевыр Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтащ, Берлин къыщащтэм и полкыр къыхэжаныкIащ. Фашист Германиер зэтекъутэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ СССР-м и ордену 6-рэ нэгъуэщI къэрал зыбжанэм я правительствэ дамыгъэхэмрэ. Зауэ нэужьым Хьэким Туркестан, Азие Курыт дзэ округхэм я командующэхэм я къуэдзэу щытащ, и опыт къулейр, и зэфIэкIыр Хэкум и лъэщагъыр хэгъэхъуэным къыхуигъэсэбэпащ.

«Хъулам щыщ генерал». Аращ и фIэщыгъэцIэр ди республикэм и къуэ хахуэм теухуауэ тхакIуэ Занкишиев Хъусейн и Iэдакъэм къыщIэкIа документальнэ повестым.

Абы щыщ пычыгъуэ нобэ тыдодзэ.

ЗэIущIэ гуимыхужхэр

1965 гъэм и бжьыхьэт. Нартыху къехьэлIэжыгъуэ зэманти, зэрыжаIэу, етIуанэ хэгъуэм и пыIэзэфIэхьыгъуэт. Къалэдэсхэмрэ къуажэдэсхэмрэ я къару псори а Iуэхум хузэщIагъэуIуат. Абы щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым нэхъ нартыху бэв дыдэ къыщрихьэлIэрт, Совет Союзым и щIыналъэ куэд жылапхъэхэмкIэ къызэригъэпэщырт.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Черемисин Борис дэ районхэм дригъэбыдылIат. Сэ къыслъысар Бахъсэн куейрт.

СыщIежьа Iуэхур хъарзынэу зэфIэкIат. Газетым и зи чэзу къыдэкIыгъуэм папщIэ сызэлэжьыну тхыгъэхэр зэхуэсхьэсауэ къэувыIэпIэм сыхуэкIуэрт. Гъуэгум сытехьэну сыхунэсатэкъым «Волга» автомашинэмрэ абы иужь ит «Москвич»-мрэ метр зыбжанэкIэ нэхъ спэмыжыжьэу зэуэ къыщызэдэувыIам. Абыхэм къокI куэд щIауэ си цIыхугъэфIхэр.

Япэу къызбгъэдохьэ «Коммунизмге жол» газетым и редактор нэхъыщхьэ Черкесов Сарбий. Сэлам къыщызихым, си Iэр къикъузурэ хъыбарыфI къызжеIэ:

«Нартсанэ зыщызыгъэпсэху генерал Деппуев Хьэким деж докIуэ. НитIысхьэ машинэм, уэ абы ухуэзэну куэд щIауэ ущIэхъуэпсыртэкъэ…»

Санаторэм дызэрынэсу дызэрыхуэкIуамкIэ хъыбарегъащIэ генералым деж саутIыпщ. НэхъапэкIэ зэи дызэрымылъэгъуами, зэныбжьэгъуфIым хуэдэу IэплIэ зэхуэтщIащ. И Iэгу пщтырымкIэ си Iэр иIыгъыу генералыр къызэупщIащ:

- Къайсын сыт хуэдэ?
- Ар нэгъуэщI къэрал щыIэщ.

Хьэким упщIэ щIыкIэу си нэм къыщIоплъэ:

-Ди зэIущIэм си цIыхугъэ генерал къезгъэблагъэ хъуну?

- Абы хуитыжыр уэращ, уэ узэрыхуейщ,- къызжьэдоху занщIэу.

Куэд дэмыкIыу Деппуевым къегъэзэж щIалэ зыIэщIэлъ щIыгъуу.

Гуп дыгъэлым хъуэхъу гуапэхэр зэIэпахырт.

«Деппуев Хьэким си генерал нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. ФIыщIэ хузощI апхуэдэкъуэ, Хэкум и цIыху нэс зыгъэса балъкъэр лъэпкъым»,- жиIэгъат абы щыгъуэ псалъэ къэзыщта генерал хьэщIэм. Ар Туркестан дзэ округым и командующэ, генерал-полковник Лященкэт.

1938 гъэм Фрунзе и цIэр зезыхьэ танк училищэр къэзыуха Деппуев Хьэким пасэу зыхищIащ зауэм и хьэзабымрэ ажалымрэ зищIысыр. Ар ящыщщ 1939 гъэм Монголием и къуэкIыпIэ лъэныкъуэр япон зэрыпхъуакIуэхэм ящызыхъумахэм, зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъуахэм.

Зауэм и япэ махуэхэм лейтенант нэхъыжь Деппуевым и танк ротэр белоруссыщIым бийм щхьэмыгъазэу щыпэщIэтащ, Орша, Лепель къалэхэм деж къыщыхэжаныкIащ. Абы тетхыхьауэ щытащ 1941 гъэм шыщхьэIум и 1-м къыдэкIа «Вагъуэ Плъыжь» дзэ газет нэхъыщхьэр.

Смоленск и Iэшэлъашэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм Хьэким уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. ЗыкъыщищIэжар Вязьмэ къалэм и сымаджэщырщ. 1941 гъэм шыщхьэIум и 12-м Мэзкуу, иужькIэ Налшык къагъэIэпхъуащ. УIэгъэщ нэужьым механик-танкзехуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэ батальоным и командиру ягъэкIуащ…

Зэман дэкIри Деппуевым зыхэта частым игъэззэжащ, куэд мыщIэуи полкыр и Iэмыщ Iэ кърaлъхьащ.

«1944 гъэм и бжьыхьэм, и лъэгум щIыр щыжьэу, бий ерур къыздикIамкIэ тхужырт. Хуит къэтщIыж къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщхэр гуфIэгъуэ нэпскIэ, IэплIэешэкIкIэ къытпежьэрти, абы къаруущIэ къытхилъхьэрт.

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м Япэ Белорус фронтым Берлин ебгъэрыкIуэн щIедзэ. Абы щыгъуэ езырызекIуэ топ хьэлъэхэмкIэ зэщIэузэда 344-нэ гвардие полкым и командирым срикъуэдзэт», - игу къигъэкIыжырт нэхъыжьыфIым.

Берлин къыщащтэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ Хьэким къыхуагъэфэщащ «Бэракъ Плъыжь» орденыр.

Лъэужь узыншэ къэзыгъэна, цIыхухэм я гум фIыкIэ къинэжа нэхъыжьыфIыр 1981 гъэм и накъыгъэ мазэм дунейм ехыжащ. ПщIэшхуэ зиIэу дунейм тета Деппуев Хьэким и фэеплъыр и бынхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ сакъыу яхъумэ, я щIэблэр абы и щапхъэм щIапIыкI.

Сурэтыр **Р АХАЕВ Александр** *трихащ.*

Фо зезыхьэ и Iэпэм йобзей

«Къэббалъкъбжьэпром» къэрал предприятэм илъэс 40-м щIигъуауэ республикэм хьарзынэу зыщеужь икIи ехъулIэныгъэфIхэр иIэщ. Абы и IуэхущIафэмрэ и зэфIэкIымрэ зыхагъэгъуэзэн папщIэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIыурэ къахуеблагъэхэр мащIэкъым. Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ организацэхэм, цIыху щхьэхуэхэм предприятэм и IэдакъэщIэкIыр куэду ящэху.

●Щапхъэ

Предприятэм и лэжьакIуэ Хьэшэ Анатолэ иIыгъыр бгылъэ щыпIэхэм мы гъэм нужьу щыщIахуа фом щыщщ.

«КЪЭББАЛЪКЪБЖЬЭПРОМ» ГУП-р фо зэмылIэужьыгъуэхэм йолэжь. Псом хуэмыдэу, щIэупщIэшхуэ иIэщ Къущхьэхъу жыжьэм щызэхуахьэсхэм. Дапщэщи хуэдэу, мы гъэми бгылъэ щIыпIэхэм ар куэду къащехъулIати, и щIэхугъуэ зэманым зэблэкIыу ящэхуащ.

Бжьэ гъэхъуным дихьэххэм предприятэм щагъуэт фом зэрелэжь Iэмалхэм кууэ хэзыгъэгъуазэ тхылъхэр, чэнджэщхэр, хущхъуэхэкIхэр, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу бжьахъуэхэм я фом и фIагъыр зыхуэдэр и лабораторэхэм къыщапщытэ, хуейхэм ейр яхуэщ. «Къэббалъкъбжьэпром»-м и IэщIагъэлъхэм мы IэнатIэм зэзыта щIэлэжьгъуэлэр лэжьакIуэхэм хэгъэгъуэзэми гулъытэ хэха хуащI. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщ семинар-зэIущIэхэм бжьахъуэ Iэзэхэр кърагъэблагъэ, фо зэхуэхьэсыгъуэхэм деж я лэжьэкIэм кIэлъагъэплъыр.

Мы Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIхэм яхэтщ Iэдакъэ щIэрэщI, бжьахъуэ нэсым бжьэхэм ирагъэшхыр фошыгъукъым, атIэ езыхэм къалъыхъуэ фощ. Арац Дыкъын Хьэсэн зи унафэщI «Къэббалъкъбжьэпром» ГУП-м и IэдакъэщIэкIхэм фIагъ лъагэ щIиIэри, щэхуакIуэхэр щIикIуэр.

Тхыгъэр сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *ейщ.*

●Футбол

АСИЛЬДАРОВ Щамил:

Топ дэгъэкIыныргщ гъуащхьауэм и къалэн нэхъыщхьэр

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Асильдаров Щамил иджыблагъэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ икIи ар тхутепсэлъыхьащ командэм къызэрыхыхьа щIыкIэм, клубыщIэм хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэ зыбжанэм кърикуубыдэу топитху зэрыдигъэкIам щхьэусыгъуэ хуэхъуам, нэгъуэщIхэми.

- Щамил, футбол джэгуныр хьарзынэу ебгъэжьэри ехъулIэныгъэ уиIэу командэ лъэщхэм илъэс зыбжанэкIэ ухэтащ, ауэ иужькIэ «Махъэчкъалэ» къызэрыгуэкI клубым укъыщыхутащ. Абы и щхьэусыгъуэр сыт?

- Пэжыр жыпIэмэ, иджыпсту «Шинникым» сыщыджэгун хуеящ. Командэм и гъусэу зызгъэхьэзырат, контрактым Iэ тедзэным Iуэхур нэсауэ къызэпыудыжащ. Абы и щхьэусыгъуэр сщIэркъым. Сытми, япэ къэс командэм сыхэмыхьэн щхьэкIэ, унэм згъэззэжри «Махъэчкъалэ» клубым сыкIуащ, топ къыщесхуэкIын, сызэкIэщIэплъыкIыжын папщIэ.

- Махъэчкъалэ и «Анжи»-р къоджакъэ абы щыгъуэ?

- Псалъэмакъ гуэрхэр екIуэкIащ «Анжи»-м сыкъищтэн хуэдэу, ауэ иужькIэ ари щIегъуэжащ. Командэм япэ увыпIэр иджыпсту япэ дивизионым щиIыгъщ, топджэгу хьарзынэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, арагъэнщ ахэр къыщIысхуэмеяр.

- Уэ абы щыгъуэ уи щхьэ ухуитыжт, контрактIэ клуб гуэрым уепхатэкъым, аракъэ?

- Сэ контрактIэ сызэпхауэ щытар Махъэчкъалэ и «Динамо» закъуэращ, адрей клубхэм бэджэнду саIыгъауэ арац. ИужькIэ, ди командэр зэбгрылъэлъыжри щхьэхуит сыхъуащ сызыхуей командэр езым къыхэсхыжын хуэдэу.

- Зэман кIэщIым къриубыдэу апхуэдиз командэ зэрыпхъуэжар а клубхэм ящыщ зым зэрызыщыпхуэмыгъэбыдафар зэран къыпхуэхъуауэ къыщIэкIынщ.

- Хьэуэ, а дакъикъэхэм си Iуэхухэр апхуэдэу кърeидзэкIауэ арац, армыхъуамэ, командэхэм щызгъэлъэгъуэн зэфIэкI сиIащ. Си гугъэмкIэ, Тхьэшхуэм зыгуэр къыббгъэддилъхьарэ ар тэмэму къыпхуэгъэсэбэпу щытмэ, зыри зэран къыпхуэхъуфынукъым. Лэжьэн хуейуэ арац.

- АтIэ, «Локомотив»-ми, адрей узыхэта командэхэми уи Iуэхур сыт щыщIыдэмыкIар?

- «Локомотив»-м сыщрагъэблэгъам абы и тренер нэхъыщхьэу щытар Муслин Славолюбщ. ИужькIэ къызэрызжаIамкIэ, командэм и унафэщIхэр хуейт я деж сыщагъэджэгуну, ауэ тренерыр къысщыгугъыщэртэкъым. Абы къыхэкIыу, топджэгу губгъуэм куэдрэ сыкъригъэхьэртэкъым. ИужькIэ Муслин трагъэкIри, Долматов Олег къагъэкIуащ. Ари Iейуэ къысхущытауэ схужыIэнукъым, ауэ абыи сызэригъэджэгур мащIэ дыдэщ. Арати, сэ езым си фIэфIыныгъэкIэ сыкъызыхэкIа «Кубань»-м згъэзэжащ. Абы и тренер нэхъыщхьэ Яковенкэ Павел фIыуэ къысхущыту и топ сигъэджэгурт. АрщхьэкIэ, зэуэзэпсу ар и къулыкъум трагъэкIри Назаренкэ Леонид клубым къагъэкIуащ. Сытми, дызэзэгъакъым.



- «Спартак-Налшыкым» дауэ укъыхыхьа, уэра зи жэрдэмыр хьэмэрэ командэм укъриджа?

- Тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрий сыкъригъэблэгъащ. ТелефонкIэ къыщызэпсалъэм, егъэлеяуэ кIыхьу сымыгупсысэу икIи сызэмыплъэкIыу си гуапэ дыдэу сыкъэкIуащ. Сэ куэд щIауэ соцIыху «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэр, сыщыгъуазэщ абы и зэфIэкIым, джэгукIэ къызэгъэпэщыкIэм. Мызэ-мытIэу налшыкдэсхэм садэджэгуащ. Сыт щыгъуи сигу ирихьырт командэр. Абы къыхэкIыуи, сыкъэмыкIуэн Iуэхум къыхэзгъэкIакъым икIи сыщIегъуэжыркъым.

- Щамил, джэгугъуиплIым кърикуубыдэу топитху зэрыдэбгъэкIар, налшыкдэсхэм я гъуащхьауэ нэхъ лъэщ узэрыхъуар уэ езым дауэ къызэрыпщыхъур: бгъэщIагъуэрэ хьэмэрэ ар япэм егъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм кърикIуауэ къэплъытэрэ?

- Абы и жэуапу сиIэр зыщ – футболым икъукIэ сыхуэзэшауэ аращ. Гухэхъуэщ, уи джэгукIэм арэзы укъыщищIым, топхэр щыпхудэгъэкIым деж.

- Ди футболеплъхэр егъэсащ уи топхэми, джэгугъуэ къэс абыхэм ахэр пэплъэнущ.

- А зыращ ахэр гъуащхьауэм зэрыщыгугъыр - топ дигъэкIыныргщ. Абы къыхэкIыуи, ди футболеплъхэр нэхъыбэрэ зэрызгъэгуфIэным зэIущIэ къэс сыхущIэкъунущ.

- Командэм дауэ ухэзэгъа?

- Хьарзынэу, щIалэхэр псори фIыуэ зэхущытщ, зэныбжьэгъухэщ.

- КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Локомотив»-м девгъэкIуэкIынущ: абы зыхуэвгъэхьэзырррэ?

- ДэркIэ иджыпсту псори зыщ, сыт хуэдэ командэ дыдэджэгуами, нэхъыщхьэр - зэIущIэ къэс текIуэныгъэ къызэрытхьынырщ.

- Дапхуэдиз пIалъэкIэ «Спартак-Налшыкым» укъызэрищтар?

- Мы илъэсыр икIыху.

- АдэкIэ-щэ?

- Ар зыщIэр Тхьэшхуэращ, зэкIэ зыри схужыIэнукъым.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я союзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм, республикэм театрым пыщIа и лэжьакIуэ псоми гущIыхьэ ящыхъуащ режиссер цIэрыIуэ **Дзудтагов Къазбэч Къазболэт и къуэр** и гъуэ нэмысу зэрылIар, икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Египетым и кьалащхьэм, Каир, тхыдэ къулей иIэщ, абы и тхыдэм щыцIэрыIуэщ мамлюкхэр. ЛэщIыгъуиплIкIэ яIэщIэлъащ абыхэм Мысырыр. Илъэси 135-кIэ ар яIыгъащ адыгэ дзэпщхэм - 1382 - 1517 гъэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мамлюкхэм, псалъэм папщIэ, шэрджэс дзэпщхэм, лъэужьыщхуэ къыханащ Египетым и тхыдэм - абы щыхьэт тохъуэ инджылыз тхакIуэ щIэрыIуэ Олдридж Джеймс и Iэдакъэ къыщIэкIа «Каир» тхылъыр. Илъэс зыбжанэ дэкIащ а тхылъыр дунейм къызэрытехьэрэ (урысыбзэкIэ къыщыдэкIар 1970 гъэрщ), ауэ и мыхьэнэр нэхъ мащIэ хъуакъым ноби.

Олдридж Джеймс тхылъыр щитхар Мысырым Насер зи пашэ хьэрып офицер щIалэхэм я лъэр щыуа нэжыщ: пащтыхь Фарукъ традзэри, абыхэм 1952 гъэм республикэ щхьэхунт къызэрагъэпэщащ. Египетым и тхыдэри щIэрыщIэу «къратхыкIыж» хъуащ абы лъандэрэ, илъэс 400-кIэ къэралыр зыIэщIэлъа мамлюкхэр зэрыпхъуакIуэу, гъэпщыкIакIуэу, къанльуэ «къыщIрагъэдзащ» - ар щынэрылъагъущ Олдридж и тхылъым. Щыгъуазэ фыдощI абы щыщ пычыгъуэ зыбжанэм.



Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **Бейбэрс Зэхьир** *(1260 - 1277 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*



Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **Бэркъукъу Зэхьир** *(1382 - 1389; 1390 - 1399 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*



Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **МуIэд (Къэр-мокъуэ) Сейфеддин** *(1412 - 1421 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*

Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **Кьейт-бей Сейфеддин** *(1468 - 1496 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*

●Пасэрей адыгэ тхыдэм и напэкIуэцIхэм щыщ

Шэрджэс мамлюкхэр,

е Сыт инджылыз тхакIуэ Олдридж Джеймс хущIэмыхъумар

Мамлюк шуудей зауэлIхэр.

ХЬЭРЫП тхыдэм щыцIэрыIуэ Сэлэдин дзэпщыщхуэм и зэманым къыщыщIэдзауэ Египетым илъэс 400-кIэ щытепщащ мамлюкхэр. ЗэрыпхъуакIуэкIуэ куэдым щахъумащ абыхэм Мысырыр. Дамаск яубыда нэужь, монгол хъан Хулагу мамлюк султIан Мустэфа Кьутыз деж лIыкIуэ игъэкIуащ: «Мысырыр си Iэмыщ1э кьиплъхьэ, армырамэ, Каир кьыщIэлъыр Дамаск есщIарщ», - жери. Хьэрып тхыдэтх Макризи щыхьэт зэрытехьэмкIэ, монголхэм Дамаск зэтракъутэри, абы и уэрамхэм лъыIуэ щагъэжар псы хьэлыгъуэм хуэдэт». Хулагу и лIыкIуэ хэр иригъэкIащ Мустэфа Кьутыз. 1260 гъэм абы монголыдзэр Сириемщыщхэмкъутащ, Каир кьиГъэзэжа нэужь, езыр и жагъуэгъуэм яIэщIэкIуэдащ - султIан тахьтэм щIэныкъуэкIу мамлюк дзэпщ (эмир) Зэхьир Бейбэрс иригъэкIащ. СултIан хъуа нэужь, Бейбэрс монголхэр СириемтI эунейрэ щыхьэхикъутащ.

Макризи зэритхымкIэ, Бейбэрс кьыпчакъ лъэпкъым къыхэкIащ; ар лIы нащхъуэ лъагэт, макъыхьут, щIыху гуащIэт. ЩIалэ щIыкIу ныбжьым иту, Бейбэрс динар 800-кIэ Дамаск къыщащэхуауэ щытащ, мамлюк шуудэм хьыхэри, султIан къулыкъур къыIэрыхьэ ху, епсыкакъым - и жагъуэгъуэхэмрэ кьеныкъуэкъуэхэмрэ лъэныкъуэ иригъэзри, пащтыхь тахьтэр яфIнубыдащ.

Египетым и унафэр илъэс 17-рэ мазитIкIэ зэрихьащ Зэхьир Бейбэрс. ЯхуэзфIэкIамэ, мамлюк эмирхэм (дзэпщ-хэм) ящыщ дэтхэнэми нукIын хьэзырт ар, апхуэдизкIэ хуэзгуэпырти. Апхуэдэ хьэл яхэлъащ абыхэм - лIыкIыгъуэ зэримыгъахуэурэ, зэныкъуэкъу, зыр зым и псэм ещэ зэпытащ. Ар щIэрти, Бейбэрс хутыкIуэртэкъым - нобэ щыплъэгъуэм пщэдей щыплъагъуэжьинутэкъым.

Бейбэрс кIэнаиэ, кхъуэ тедзапIэ, быдапIэ куэд иригъыхьащ Египетым, абыхэм я фIыгъэкIэ кьэралым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Мамлюк дзэпщхэмрэ шухэмрэ етэ зэпытащ Бейбэрс, щыщхуэ яритащ, нэхъ бедджыныуэ жыпIэмэ, аэр хьэрыпхэм тепщэ яхуищIащ. Каири нэгъуэщI кьалэхэмн хабзэ ткIий щигъуэ-ваущ султIаным, ефапIэхэмрэ кьэ хьпэщхэмрэ зэхуищIащ - абыхэм щытеуэхэмрэ зи нэгу щыщезыгъэужьхэмрэ зэбгрихуащ. Сирием гъэр кьыщащэ монголхэм мусыльмэн динкIэ кьариГъэщтащ Бейбэрс, абыхэм я дзэпщхэм эмир цIэр яфIищащ.

Мэжджыт куэд дищIыхьащ Бейбэрс Египетым и кьалащхьэм, нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ езым и цIэр зезыхьэ мэжджыт-ыр, Наполеон Каир зэрыдыхьэ лъандэрэ абы «Сулковскэм и быдапIэкIэ» еджэ хъуащ (Сулковскэр поляк офицерщ, Наполеон и дзэм хэтащ); Бейбэрс и мэжджыт-ыр быдапIэ яIащ фащ-дражьхэм, абы и блынхэм топхэр трагъэуващ.

Профессор Кресвелл зэритхымкIэ, Бейбэрс и зэманым Каир цIыху мелуан дэсащ: монголхэр кьатеуа нэзыжь, ар щтапIэ яхуэхъуащ зэрыпхъуакIуэкъэ щыхьэгъ-рахуа хьэрыпхэм. Каир псэупIэ яхуэхъуащ щIэныгъэлI, еджагъэщхуэ, философ, цIыху Iэпщ1элъапщIэ куэдым - абыхэм я фIыгъэкIэ Каир щIэныгъэм, гъуаздджэм, щэнхабзэм зыщIужьащ, кьалэм дащIыхьащ мэжджыт, сымаджэщ, еджапIи (мыдрисэ) 150-рэ, ахэр ноби хабжэ пасэрей архитектурэм и фэеплъ щэрыIуэжэм.

Бейбэрс и Iэкlэ зиукIыжауэ жыпIэ хъунущ. И жагъуэгъуэм ящыщ зы, Малик-Кажер, иукIын мурад ищIри, Бейбэрс ар кьриГъблэгъащ, Iэнэм щыпэ фалъитI кьытригъэуващ, зы фалъэм щхъухь хэкIауэ. СултIаныр щыбэлэрыгъым, Малик-Кажер фалъэхэр зэблигъэувыкIащ - щхьэхкIэ зэкэща щышэр Бейбэрс и пащхьэм иригъэуващ. СултIаным гу лъитакъым и жагъуэгъур кьыззребзэджэкIам: щышэм ефэри, махуэ пщыкIуф фIэкI псэужакъым. Илъэс 50-м щIигъуа кьудейт Бейбэрс абы щыгъуэ.

* * *

1279 ГЪЭМ кьэралым тепщэ щыхьуащ Калаункlэ зэджэ мамлюк дзэпщар, абы и лIакъуэм илъэси 103-кIэ зэрихьащ Египетыр. Макризи зэритхымкIэ, Калауни кьыпчакъ лъэпкъщ, ар лIы плIабгъуэ бжьыфIэт, тыркубзэр фIыуэ инIэт, хьэрыпльбзэм хищIыкI щы-Iэтэкъым. Кьэралгъэ ящIыгъ-пытурэ.

1284 - 1285 гъэхэм Калаун сэрей дэгъуэ дригъэщIыхьащ Каир, абы къхьэлэгъуни, сымаджэщи, мыдрисэ-хэтащ; кхъэлэгъунэмрэ мыдрисэмрэ нобэ кьэсащ, сымаджэщым и блынэращ кьыязэтенар (сымаджэщым и закъуэ езы Калаун дирхан мелуан тригъэкIуэдащ).

Калаун зы кьуэ иIащ - Ан-Насир. Абы илъэс 42-кIэ зэрихьащ Египетыр. Ан-Насир апхуэдизкIэ бзаджэт, кьаныльти, уеблэмэ мамлюк дзэпщхэр пэпсэльэжьыфыр-тэкъым. Дыщэ Ордами Истамбыли зыпищIащ абы, кьэралым и гъунапкъэхэм зригъэубгъуащ. Каир кьыдэжьыгъа муслымэн хьэкрэтхэр жагъуэгъу кьахуэхъуащ Ан-Насир - ар зэрымамлюк щыпхъуар ягу техуэрэткъым, чыристанхэм (псалъэм папщIэ, коптхэм) зэрахудичыхьми кьызэгунгъэпырт.

Ан-Насир кьарузыщхуэ ирихьэлIащ Египетым сыт и лъэныкъуэкIи зиужьыным: абы и кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ европей къэралхэм сату дащIырт (апхуэдэ мин 50 иIащ ин-Насир). Нип псымрэ Александрие къалэмрэ зэпызыщIэ кIэнауэр щригъэщIым щыгъуэ Ан-Насир цIыху минищэ игъэлэжьащ.

Ан-Насир и ужькIэ абы и кьунбгъум зэрахьащ Египетыр, зыр лукIмэ, абы и пIэ адрейр иувэурэ. Насир и кьуэхэм нэхъ цIэрыIуар Хьэсэнкlэ зэджэ султIанырщ. Ари яIэщIэкIуэдащ мамлюк дзэпщхэм (и хьэдэр езым иригъэщIа мэжджытым щIэтыщ).

Хьэсэн и ужькIэ султIан кьулыкъур зезыхьа бахьрий мамлюкхэм пъэужьыщхуэ я кьыханакъым Египетым и тхыдэм, абыхэм кIэ яГуэтащ 1382 гъэм - Бэркъукъу султIан хъуа нэужь: Бэркъукъу дежщI щэрджэс мамлюкхэм я тепщгъуэм щыщIидзар - абыхэм илъэси 135-кIэ (1382 - 1517гъэм) зэрахьащ Египетыр.

Бэркъукъу султIан хъуа нэужь, шэрджэс мамлюкхэр Египетым щытепщащ, ар уэсэмн тыркуэм 1517 гъэм яубыдыкъу. Шэрджэс мамлюкхэм я хэщIапIэр чэщанэ быдапIэти, абыхэм бурджий (чэщанэ) мамлюкIэ еджэу щытащ. Ахэр кавказ лъэпкъхэм ящыщт, е пщIэкIэ къащтауэ, е сабий ныбжьым иту къащэхуауэ; я нэхъыбапIэр шэрджэсти, аращ шэрджэс мамлюккIэ еджэу щIыщытар.

Шэрджэс мамлюкхэм бжьыпэр ящыда щыхьэкIэ, тырку, алыдж, тэтэр мамлюкхэр яхуэтъурыщIэртэкъыми, Каир зауэ-банэр щыззпыурэкъым, абы къэралым и кьарур щIихьырт.

Зауэ-банэм хэт зэпытми, шэрджэс мамлюкхэм Каир мэжджыт, сэрей, унэ дэгъуэ куэд дащIыхьыни яхуэззэфIэкIащ, абыхэм я нэхъыбапIэр ди зэманым кьэсащ. Дахэ дыдэщ Бэркъукъу и кхъэлэгъунэр (мавзолейр); ар езыгъэщIар Бэркъукъу и кьуэ Фэрэджкъ - 1399 гъэм. Баб-аз-Зувейлэ куэбжэм деж щытщ султIан Муэед и мэжджытыр, зэралытэмкIэ, абы нэхъ мэжджыт дахэ дэтакъым Каир (щIын щауэхар 1422 гъэрщ - езы султIаныр лIэуэ зы илъэс дэкIа нэужьщ). Султ1ан Муайед щIыхь бзаджэт, гущIэгъунэшэт, ар ащ щыщIалъхьэ мамлюкхэм ящыщ зы дыдэущ щIэмыкIуар - султIан тахьтэр зэпаубыдащ зэныкъуэкъурти, яхущIыкъакъым, зэратхыжакъым.

Илъэс пIыщIрэ бгъуэр дэкIащ, шэрджэс мамлюкхэр пIыфIыгъуэ зэримыгъахуэурэ. СултIан тIощI зэблэкIащ апщIондэху. Иужьым тахьтэр яфIиубыздащ Кьейт-бейкIэ зэджэм.

Илъэс 28-кIэ султIан кьулыкъур тетащ Кьейт-бей. Сабий ныбжьым итт ар, султIанхэм ящыщ зым къыщищэхуам. КьыдэкIуэтейри, джатэрэ бзаджэгъэкIэ яфIиубыдащ абы султIан тахьтэр. Кьейт-бей Каир дригъэщIыхьащ нэжьджыт, унэ, сэрей, мыдрисэ, сымаджэщ зыбжанэ. А псоми кьахощ езым и кхъэлэгъунэр - ар апхуэдизкIэ дригъэущи, щIыхьм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ уи фIэщ пхуэщIыркъым.

Португалхэм Индием сату дащIу щIадза нэужь, Каирым и пщIэр схуэхащ, хэмхуэмурэ гуащIэмащIэ хъуащ. Индием зэуакIуэ кIуащ шэрджэс мамлюкхэр, абы португалхэр щыззэкъуташ - 1508 гъэрщ ар къыщIыхъуар. Зы илъэс дэкIри, 1509 гъэм, португалхэр шэрджэс хьидзэIэхэм къатеуащ, я кьхъуьхэр фIабубащ е игъэсащ. А зэманыращ шэрджэс мамлюкхэм я вагъуэм ижьи щыщIидзар. Абы щыгъуэ султIан кьулыкъур зезыхьэр ар-Ашрэф Кьанщауэ ГъуркIэ зэджэрщ. Илъэс 60 ныбжьым иту, 1501 гъэм султIану «хахащ» ар. Къэралым и Iуэхур зэхэвынэ хъуакIэт а зэманым. Зы пъэныкъуэкIэ португалхэр, нэгъуэщI пъэныкъуэкIэ тыркуэр кьыщещэрт шэрджэс къэралым - кьуэкIыпIэм щызекIуэ сатур абы кьыIэщIахьи, езыри я Iэмыщ1э ираубыдэн мурад ящIауэ. 1453 гъэм тыркуэм хэм Константинополь (Истамбыл) яубыдащ, мусылымэн дунейм тепщэ зыщащIын мурад яIэти, тыркуэр зэуакIуэ къежьащ. 1516 гъэм Гъурыр тыркудзэм пежьащ. Тыркудзэмрэ шэрджэс мамлюкхэмрэ Хьэлэб ищхъэрэIуэкIэ (Сириеи) 1516 гъэм щыщхьэIу маазэм и 24-м щызззэуащ; мамлюкхэр абдеж кьащыцахагъэщIащ. Кьанщауэ а зауэм хэкIуэдащ.

Тыркуэ дзэм ЕгипетымкIэ иунэтIащ. Зытеплъэ мыхьу мамлюкхэм я бжьым кьызэрыщIэкIынym щыгуфIыкIащ мысырхэр - тыркуэм пэувакъым, гъуэгур хунт хуащIащ. Тырку султIан Сэлим 1517 гъэм щIышыплэм и 22-м Каир дыхьащ, иужьрей мамлюк султIан Тумэн-бей и щхьэр Баб аз-Зувейлэ куэбжэ деж щыпIащ (Iурыр зауэм хэкIуэда нэужь, мазэ зыщыплIкIэ султIан кьулыкъур Iэщ1эльащ Тумэн-бей).

Кьанщауэ и кхъэлэгъунэр (мавзолейр) Каир дэтщ нобои; абы щIалъхьакъым езыр - и хьэдэр яГуэтыжакъым, Хьэлэб деж кьыщауэкIа нэужь. Нуджым абы бибиотекэ къыщызэIуахащ; ди зэманым, президент Гамаль Абдел Насер и жэрдэмкIэ, еджакIуэхэм я зэхуэсыпIэ хъуащ.

* * *

ТЫРКУХЭМ Египетыр яубыда нэужьи шэрджэс мамлюкхэр пъэныкъуэ иратъэзакъым - султIан кьулыкъур Iэщ1аха фIэкI, нэгъуэщIкIэ я гугъу ящIакъым. Мафэр тырку пащэм (губернаторым) зыIэщIиубыдащ, абыи, дауи, кьыгурыIуащ шэрджэс дзэпщхэр зумыгъэувалIэмэ, Мысырыр зэрыпхузэмыхьэнур, щIыхьи кьызэрэмыдзэуэнур.

Тыркухэм Египетыр куей 24-уэ ягуэшащ, абыхэм ящыщ дэтхэнэри мамлюк (шэрджэс) дзэпщхэм я Iэмыщ1э ираубыдащ. Египетыр кьэзыIэуа тырку султIан Сэлим мамлюк дзэпщхэр зригъэувэIащ, ауэ ахэр зыр зым зэрыщигъэхьэным щIэкъу зэпытащ, я кум дыхьэурэ: я къаурр зэрамыгъэIумэ, нэхъ Iумп1афIэ хьунут шэрджэс дзэпщхэр. СултIаныр зэщэр къехьулIащ: дзэпщхэр зэщыхьэжрэ зэзэауэрт, зыр адрейм зэрыхигъэным пылът. Зэныкъуэкъуурэ бжьыпэр зыубыд шэрджэс дзэпщым султIан кьулыкъур кьыIэрыхьэжынутэкъым дяпэкI. Каир дэс тырку пащэми зэредаIуэ щыIэтэкъым ахэр: щхьэж и куейм щытепщэт, уеблэмэ пащэм и Iэхуэхэм хэIэбэфырт, ягу иримыхьмэ, пащэм и зы унафи еуэлIэнутэкъым.

Тыркуэр щыт епща зэманми Египетым зэрызиужьа щыIэкъым, уеблэмэ и Iуэхур екIэкIуащ. Кьэралыр зэрахъунщIэн, мылъкур зыкIэщIаупщIэн, щIыхум я фэр ихын - арат зыхуэфIыр тырку пащэхэр (мамлюк дзэпщхэри кьакIэрыхуртэкъым тырку пащэхэм). Ар яхуэмышэчыж хъуащ Каир дэсхэм: Наполеон и дзэр Египетым ирищэн ипэIэкIэ, щIыхур зэщIэкъ хъуащ, насыпыншагъэ псори кьызыпкърыкIыр тыркуэрауэ жаIэри, абыхэм ipэващ, Iэщэ кьащтэри. Тыркуэр хэкум ирахужмэ, къэрал щхьэхут хъужьи я гугъэт мысырхэм, абыхэм зыкьыщIэтым, мамлюкхэмрэ франджыхэмрэ зэпеуэ хъуащ: тIури щIэкъурт мысырхэм я бэнэныгъэм пашэ зэрыхуэхъуным. Мамлюк дзэпщхэр япэ ищащ: Наполеон къэмыс щIыкIэ, абыхэм ящыщ зым, Алий-бей, Каир нубыдащ, тыркудзэр зэтрикъуэгри пащэр (тырку губернатораш) ирихужьэжащ. Алий-бей абдеж кьызыззтеувыIакъым: Сириемрэ Аравиемрэ ихьэри, ахэр тыркухэм кьаIэщIихьжащ. Египетыр къэрал щхьэхут хъужащ, ауэ Уэсэмэн империм къыхэнащ. Алий-бей къумалхэм яуклIа нэужь, абы и пIэ иващ нэгъуэщI шэрджэс дзэпщ - Мурад-бей, абы и кьуэдзэ хуэхъуащ шэрджэс мамлюк Ибрэ-хьим.

Мурад-бейрэ Ибрэхьимрэ Египетым тетыгъэр щыубыдауэ, Александрие кьалэм кьесылIащ Наполеон и кхъухьхэр. Франджым щахъумэфакъым Египетыр шэрджэс мамлюкхэм.

Наполеон и кхъухьхэр хьм кьызэрызэпрыкьыкIар щыжрIаIэм, Мурад-бей и фIэщ хъуакъым, ар яхуэзфIэкIынукъым абыхэм, жери. Тосканием и консульым хуиIуэжащ Мурад-бей: франджы зауэIхэм мысырыщыдыхьэхэм нэхърэ нэхъ щIагъуэкъым, дыжьын Iэбжьыб зырыз язотри, ящэ зэпрыкеIыж - сигу ящIоГурыр, я нэр кьижу схуэзтеукIэнукъым. Наполеон зищысыр Мурад-бей кьыгурирIэуэну хэтащ консульыр, ауэ модрейм и тхьэкIымэ иригъэхьакъым. Наполеон зауэлI мин 40 къришажьэри Каиркlэ кьынэтIащ, Мурад-бей абыхэм япигъуващ мамлюк мини 10-рэ мысыр мин 30-рэ.

ДзитIыр Эмбабэ деж щыззэзауащ (Каир пэмыжьжьэу) - 1798 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 21-м. Франджы зауэлIхэм мамлюкхэр кьыхагъэщIащ. Мурад-бей щIэнкъуэжащ, и хьугъуэфIыгъуэхэр зэщIикъуэри. Каир дзэ шейхэм Наполеон епсэпэн щIадзащ, утыкум кьызэринар ятъагъури. Мурад-бейрэ Ибрэхьимрэ я сэрейхэр яхунущащ, мафIэ ригъадзри ятъэсащ. Наполеон Каир дыхьащ. Iугъуэмрэ мафIэмрэ зэщIищтат Каир абы щыгъуэ.

Насыпыншагъэ куэд кьыхуихьащ Каир Наполеон. Илъэсищ ар Египетым зэрисар. Илъэсищ дэкIа нэужь, ар инджылызхэм зыIэщIыубыдащ, абыхэм илъэс 70-кIэ яIэщIэлъащ Египетыр.

Каир дыхьа щхьэкIэ, Египетыр и пIэ иригъэтIысхьэжащ. Куэдрэ зиIэжьакъым: япэ ищри, СириемкIэ нунэтIащ - тыркуэмрэ инджылызхэмрэ япежьащ. Франджыхэр Аккэ деж кьыщыхагъэщIащ. Наполеон Каир игъэзащIэ щыгъуэ, Мысырыр ящыщ стюарт, тыркуэр дзей щIащ1э, Нил и Iуфэм франджыхэм щыщезэуам щыгъуэ гу лъитауэ щытащ Мухьэмэд Алий зэрышуэйм, лIыгъэ зэрыхэльым. Пъэпкъкlэ арнаутт (албант) Мухьэмэд Алий. И хэкум щисжам щыгъуэ хьэтхауэ (жандарм) кьупыкъум хэтащ ар. Тыркудзэм хьихьри, абы офицер щыхъуащ, и ныбжьыр илъэс 33-м нэсауэ Каир кьыщыхутащ - франджыхэр. Мысырым ныIыжа нэужь, 1806 гъэм Египетым тыркуэм я Iэмыщ1э ираубхьащ инджылызхэм, тыркуэми мамлюкхэми езаузэрэ, Мухьэмэд Алий и лъэпкъэгъуэм (арнаутхэм) Каир бжьыпэр щаубыдащ, езы Мухьэмэд Алий Египетым и пащэ щIэр зыфIищыжащ. И жагъуэ-и щIасэми, Тыркур абыкIэ арэзы хъуащ: Египетыр, Уэсмэн империем хэмыкIами, кьэрал щхьэхуэ хъуакIэти, нэгъуэщIкIэ уха ззэгъэзэжынутэкъым. Илъэс 43-кIэ Iэщ1эльащ Египетыр Мухьэмэд Алий, ар зыIэщимыгъэкIын щхьэкIэ, зыхуемыкIуа бзаджагъэ кьиригъэнэжакъым.

(КъыкIэтыкIуэнущ).



Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **Джамболэт Ашрэф** *(1500 - 1501 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*

Мысырымрэ Сириемрэ я султIан **Кьанщауэ Гъур** *(1501 - 1517 гъэ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*



Мысырым и султIан **Алий-бей ал-Кэбир** *(1728 - 1773 гъэ.)*

Наполеон жиIэр адыгэ мамлюкхэм ядэркъым. *Сурэ тыр* **Гуэрен Пьер** *ищIащ. Каир (1798 гъэ, жэпуэгъуэм и 23)*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Хугу хьэлыуэ

Абы щхьэкIэ нэ хъ къащтэу щытар хугу гъуэжь дахэщ. Ар зэхащыпыкI, фIыуэ ялъэсри ягъэжэпхъ. ЩхьэлкIэ тIэу-щэ яхьэж, яухуэнщIурэ.

АдэкIэ бэлагъкIэ зэIащIэурэ тхъу къэплъам хугу хьэжыгъэр хакIутэ, мафIэ щабэм тету дакъикъэ 30-35-кIэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. КуэдыIуэрэ ягъажьэмэ, фIыцIафэ мэхъу.

Фошыгъупсыр щхьэхуэу ягъэхьэзыр: псы къэкъуалъэм фошыгъу хакIутэри, зэIащIэурэ, псыр тIэкIу Iув хъуху ягъавэри языж. Ху хьэжыгъэ жьар шыуаным зэрилъу пэшхьэкум къытрахри, хъыдан Iувым е уэрдыхъум трагъэувэ. Хугу хьэжыгъэ гъэжьам фошыгъупс пщтырыр хакIэри, бэлагъкIэ псынщIэу зэIащIэурэ япщ. Хьэзыр хъуа хьэлыуэр тхъу зыщыхуа Iэнэм тралъхьэри, я Iэр псы щIыIэм хащIэурэ псынщIэу яубэ.

Хьэлыуэм и щхьэфэр цIынэ мыхъун щхьэкIэ, псым хащIа иужь, я Iэр хъыдан гъущэкIэ ялъэщIыжын хуейщ. Псы щIыIэм щIыхащIэр я Iэр ягъэупщIыIуну аращ. Хьэлыуэр пщтыр щIыкIэ ямыубэмэ, гъуанэ цIыкIухэр иIэу мэхъу. Абы и Iувагъыр сантиметри 3-4-щ. Зэраубэу хьэлыуэм и щхьэфэм сэкIэ е IуданэкIэ пIэ зэпэплIимэхэр ирагъэщI, зэрызэпаупщIыным хуэдэу, я кIыхьагъри я бгъуагъри сантиметри 3-4 хъууэ. Хьэлыуэр мыдиипэ щIыкIэ сэ жан пIащIэкIэ IупщIэурэ зэпаупщIри Iэнэм тралъхьэ.

Халъхьэхэр: хугуу - грамм 1600, тхъууэ - грамм 300, фошыгъуу - грамм 500, псыуэ - грамм 400.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

●Фэ фщIэрэ?

Iэщым лыуэ къикIынур зыхуэдизыр

◆Фошыгъу уз зиIэхэм я дежкIэ сэбэпышхуэщ щIэрыкIуэ, аму, ажэмыхъэ, андэгурэ укъэбза, кIарц гъэгъа (хужьыгъэр) яшхыну, къундэпсо, шкIэплъ гъэвам и псым ефэну.

◆Шыбжий сыр зышхырей цIыхур нэхъ акъыл жан мэхъу.

◆Зи бзэгу къихуахэм джэдгын уба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепIауэ щагъэтщ и ибжьэныр иухыхукIэ. Ар щащIыр гъуэлъыжыгъуэм и дежщ.

◆Шыл, бабыщыл, къазыл пшэрхэм къыхащIыкI шхыныгъуэхэр, абы я дагъэр сэбэп яхуохъу щIыIэ зыхыхьахэм, жьы зыхуримыкъухэм, жьэн уз зиIэхэм.

◆Iэщышхуэр яукIын и пэ къихуэу абы ират хуэнщIей гъущэ, шыгъу трагъэшхыхьыжри, псы куэди ирагъэфэж, лъыр фIыуэ къыщIэкIын, лыр къабзэ хъун, кIуэцIфэцIыр лъэсыгъуафIэ (псом хуэмыдэу лъэсыгъуэр) хъун щхьэкIэ.

◆ЯукIыну къаубыда джэдыр фIамыгъэжу тIэкIу зрагъэгъэпсэху, армыхъумэ фIагъэжа иужь лъыр фIыуэ къыщIэкIыркъым, лыри фIыцIафэ мэхъу.

◆Жэмыкуэм, кхъуейжьапхъэм халъхьэну кхъуей цIынэр шыгъу темыудауэ тIэкIурэ ягъэтэдж.

◆Iэхъуэхэм яукIыну Iэщым лыуэ къикIынур зыхуэдизыр кърашIэу щытащ, ипэ лъакъуэр сантиметркIэ къапщырти. Къапщтэмэ, лъакъуэ къапщар сантиметр 24-рэ хъумэ, лыуэ килограмм 240-рэ къикIын хуейуэ къалъытэрт.

◆Бжьынышхьэ укъэбзар шыгъум хагъауэурэ нартыху пIастэ хуабэм дэзышхырейхэр фIыуэ мэжей. Абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.

◆Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Iувыр хэпкIэмэ, тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Iувым псы тIэкIу хакIэ, зэIащIэри итIанэ къалмыкъ шейм хакIэж.

◆Ямылейуэ ялъэса мэл е былым укIам и лъатэм кхъуей щIагъуэу хихыжынукъым.

◆Щэ щагъэвэжкIэ бэлагъкIэ зэIащIэркъым, абы и пэр песыкIри. ЗэрызэIыщIэн хуейр чымчыркIэщ.

КЪУБАТИЙ Борис.

ХъумпIэцIэдж

Теплъэгъуэ

Бжэшхуэ гуэрым зызэIуех. Щыгъын хужьыбзэкIэ хуэпауэ щIалэ гуэр удзыпцIэм хэсщ. Бзухэм епсалъэ хуэдэщ, дыгъэм хуогуфIэ. Ар си къуэращ, си къуэ закъуэращ!

- Мыбдеж ущыс пэтрэ щхьэ зыкъэзбгъэлъыхъуэрэ?

Сыкъоуш...

Нэпс пщтырым си нэр щIисыкIми, сыщIэгуфIэн гуэри щыIэщ! Жэнэту къыщIэкIынущ а слъэгъуар. Си къуэр жэнэтым щыIэу арагъэнщ...

Пэш фагъуэ нэщхъей гуэрым сыщIашэ. ПIэ сызрагъэтIысхьам илъ уэншэкур жьы хъуащи, бжьэхуцхэр, гъущI кIапсэхэр къыхопIиикI. Си гупэмкIэ ит гъуэлъыпIэм фызыжь гуэр исщ. Иджыпсту техунущ жыпIэу телъ IэлъэщI гъуабжэм и щхьэц тхъуар къыщIощ. И фэ фагъуэ гъуэжьыфэм къыбжеIэ куэд щIауэ дыгъэ зэримылъэгъуар. Езым зыгуэркIэ сызригъэщхьа къыщIэкIынщ, жьажьэ-жьажьэурэ къызоплъ. Къызоплъ, и нэр имыгъэупIэрапIэу, и нэгум ущиплъэкIэ мыр псэууэ пIэрэ, жыуигъэIэу. Си псэм зичэтхъэжу щIедзэ.

- Укъызэмыплъ, укъызэмыплъ, жысIакъэ!

Сызэхимых хуэдэщ. Мыбы сыфIэгуэныхь хъууэ ара? КъызгурыIуэркъым, езым нэхърэ нэхъ тхьэмыщкIафэ стет? Хьэмэрэ и нэр игъэупIэрапIэну апхуэдэ къару бгъэдэмылърэ? Дауи ирехъуи, къызремыплъ апхуэдэнэкIэ. Ар жысIэ щхьэкIэ...

Си гъын къокIуэ, ауэ, си гур уз мыхъумэ, си нэм нэпс къыщIэкIыну апхуэдэ къару сиIэкъым. Фызыжьым фIэгуэныхь сыщIэхъуар къызгурыIуащи, содыхьэшх. Си гур зэгуэмычын щхьэкIэ содыхьэшх. Сыгъами нэхъыфIт.

СыкъыщIэзышар хъэлат хужь щыгъыу къысщхьэщохьэ. Къысхуоплъых, сыхъумпIэцIэджрэ сипIытIын-симыпIытIыным егупсыс хуэдэ. ЩIокIри нэгъуэщI хъэлат хужь и гъусэу къыщIохьэж.

Мастэ къысхаIу. Сэ содыхьэшх. Уэздыгъэ фагъуэм тодиери, хуэмурэ си нэхэр щIелъафэ...

Уз шынагъуэ зыхызощIэ. Сыкъаплъэмэ, сыкъигъэушын мурад иIэу зыгуэр къысщхьэщытщ. Ар пэшыр зэлъыIузыхрат. Пщэдджыжьышхэ дышхэн зэрыхуейр къыджеIэри, щIокIыж. ШхапIэр здэщыIэмкIэ фызыжьым сеупщIынщ жысIа щхьэкIэ, макъ гуэрхэр къигъэIуа мыхъумэ, къысхупыхаIакъым.

Сыту сыкъарууншэ, хущхъуэ къысхалъхьар арагъэнщ. КIэлындорым срокIуэ. ПцIанэу къыщIэкIа лIы гуэрым щIэкIиехэурэ щIахуэж.

Псори здэкIуэмкIэ сокIуэ. Блынджабэм фIэлъ сурэтым си нэр тодие. ЦIыхубзым и сабийр иIыгъщ. КъызощIэж... Сэри си сабий закъуэр сIыгът апхуэдэу, зэгуэр сэ сабий сыхъужа нэужь сипIыжын си гугъэу...

Фалъэ гъуабжэжь гуэрым хьэнтхъупс тIэкIу къысхуракIэ. СтIол нэщI къэслъэгъуамкIэ сыщыкIуэм, гуфIэурэ къажэ лIы гуэр къызоIэдэкъауэри, хьэнтхъупсыр къыстрекIэ. Сэ абы соплъ. Фалъэм имытыж хьэнтхъупсыр си гум щIыхьати, пщтыр къыстекIар си Iэпкълъэпкъым зыхищIэртэкъым. Ауэ лIым сыт и лажьэ, мэжэлIа къыщIэкIынт. КъысхуифкIэж жысIа щхьэкIэ, иумыкIуту зегъасэ жари, аращ къапысхар. Иджы сэ абыхэм нэхърэ сынэхъ делэу жаIэнущ, ауэ щыхъукIи, сэ цIыхур мэжалIэу къэгъэнэн зэрыхуэмейр къызгуроIуэ. ФалъэмкIэ лIым сеуэну сыхэтащ, арщхьэкIэ си къарур ирикъуакъым. МыдэкIи зыгуэрхэр щызозауэ. И хьэнтхъупсыр иракIутауэ пIэрэ абыи? ТхьэмыщкIэ...

Пэшым си Iэпкълъэпкъ щIэлIар солъэфыж. Мо хэлат хужьым бгъэдэт щIалэр си къуэм зэрещхь, си къуэ закъуэм.

- Ей, си къуэращ мор, - блэкI гуэр къэзубыдауэ жызоIэ. - Сишэжыну къэкIуауэ аращ.

СогуфIэ. Си лъакъуэхэр щIэкIэзызыхьу, абы гъунэгъу зыхузощI. Хъэлат хужьым здепсалъэм, нэщхъеифэу къысхуоплъэкIри, зегъэзэж. СыкъигъэнауэмэкIуэж. Си псэр кIэлъогъ.

- Умыгъ, умыгъ, Iуэхукъым ар. Гу къыплъимытагъэнкIи мэхъу, - жысIэурэ, си псэр тызогъэу. Ауэ гъэщIэгъуэнщ, мы сэ къызэфыкIыр сщызыгъэгъупщэн нэгъуэщI уз щыIэу пIэрэ? ТIэкIу сыкъэфамэ, си IэпкълъэпкъымрэсищхьэмрэтеуНУ, си псэр нэхъ тыншыну пIэрэт?

Сыкъофэ, зызукIыжу сыкъофэ... ЦIыху къафэу ямылъэгъужа хуэдэщ - псори къызоплъ.

- Фыкъызэмыплъ, - жысIэурэ сокIий, арщхьэкIэ...

Хъэлат хужьыр къосри, хъумпIэцIэджым еплъ хуэдэ, къызэплъурэ, мастэ къысхеIу. Си нэхэр щIелъафэри сыIурех...

Сыкъоуш. Махуэ дапщэкIэ сыжеяуэ пIэрэ? Е сыхьэт? Махуэхэри мазэхэри сфIызэхэзэрыхьыжащ. Сыту сщIын ахэри? Си нэкIур зэрыпсыIэр зыхызощIэ. ПщIыхьэпIэм сыхэту сыгъауэ къыщIэкIынщ. Си IэпэхэмкIэ къыкIэрыслъэщIыкIыурэ соплъ.

- Нэпс, - зыхузогъазэ абы, - кхъыIэ, си гур мыл дыдэ мыхъун щхьэкIэ, зэзэмызэ къыщIэж.

Нэпсым сопсалъэ. НтIэ, сыт абы щхьэкIэ? ЦIыхухэм къагурымыIуэ куэд нэпсым къыгурыIуэнкIэ хъунукъэ.

Дыгъэпсым сыдоджэгури сыдэтщ сымаджэщым и пщIантIэм. Дунейр къэувыIауэ и пIэм ит хуэдэщ. Мыбы дэт зы цIыхуи ину бауэркъым, хуиту я напIэхэр ягъэупIэрапIэркъым, уэршэру зыри плъагъунукъым.

Сэ хъумпIэцIэдж къызолъыхъуэ. Хъэлат хужьым езгъэлъагъуну сыхуейщ хьэпщхупщымрэ цIыхумрэ зэрызэщхьэщыкIыр.

ЩIыхьэжыгъуэр къэсати, хъумпIэцIэдж къэзгъуэтар си Iэгум изогъэтIысхьэри, сыщIохьэж. Хъэлат хужьыр зыбгъэдэс стIолым тезгъэтIысхьащи, тIури абы доплъ.

- Мис, мыр хъумпIэцIэджщ, - си Iэхэр сошийри изогъэлъагъу, - сэ сыцIыхущ, къыбгурыIуэрэ, сыцIыхущ!

Хъэлат хужьыр къызоплъ, делэ гуэрым еплъхуэдэ. Аслъэн мэжэлIам и шхын къигъуэта нэхъей къыстолъэ, мэкIий, къызоIэдэкъауэ. Къыщхьэщыжын зимыIэ цIыхум утегушхуэну, дауи, тынш къыщIэкIынщ...

Тхьэмпэ щхъыщхъ макъым содаIуэри сыIусщ щхьэгъубжэм. Абдеж щыт жыгыжьыр зэм мэгъагъэ, зэми мэгъуж. Сэ абы си нэхэр тодиери куэдрэ соплъ. Хэт ищIэн сыщIеплъри, сызыпэплъэри. Ауэ соплъри-соплъ, соплъри-соплъ...

КЪЭЗАН-ГЪЫДЭ ФатIимэ.

●Гъуазджэ

Ислъэмей.

●Нэщэнэхэр

УэшхкIэ зигъэнщIыжкъым

●ЦIыху Iуэщхъум уеджэну фIыкъым.

●Шы пщIэнтIа псы ирагъафэртэкъым.

●Щхьэцым утеувэну фIыкъым.

●Щыгъыныр зэгъэдзэкIауэ щыптIагъэмэ, зыгуэр къыпхохъуэ.

●ЩIым уэскIэ зимыгъэнщIамэ, уэшхкIэ зигъэнщIыжкъым.

●Iуданэ хужь къыпкIэрыпщIамэ, зыгуэр къыппоплъэ жаIэрт.

●ГушыIэхэр

Куэдым ягу техуэнутэкъым

Зэныбжьэгъуитl зэхуэзауэ гъащIэм тепсэлъыхьырт. Абыхэм къулей зэрыхъун Iуэху куэдым и гугъу ящIащ, зыкъоми я нэгу къыщIагъэхьауэ, Аслъэн къопсалъэри:

- Мис а къомыр зэфIэдгъэкIа нэужь, ахъшэшхуэ диIэнущи, зыкъызэщыдохуэпыкI, Iэлъын къекIухэр къызыIэрыдолъхьэри машинэ щIэрыпсхэм дыкъотIысхьэж.

- УэI, ауи дыуэщI куэд дыхэмытынрэт дэ, Хьэмыщэ, - жиIащ Идар.

- Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ?

- Ди псэукIэр зэуэ зэрефIэкIуар цIыху куэдым ягу темыхуэу ихьынут.

Узыхэсыр шхийкъэ?

Гъэмахуэ мэкъуауэгъуэти, пыпхъуащхьэм тет лIыхэм «нэхъ жьыщIэхущ» жаIэри шэджагъуашхэр абы драгъэхьеяуэ зэхэст. Чым цIыкIу шхэн иухри, пыпхъуэ лъабжьэм щIэт нэхъ щIалэIуэм егуоуащ:

- Ей, си къуэш, си дзэм сридзэIэбэну зы шхий къысхудэхьейт.

- Iэгъу, а узыхэсыр зэрыщыту шхийкъэ?

- Еплъыт абы, уей, уэ гу зылъумытэн дунейм темыт.

Джатокъуэ Юрэ и сатыр пIаскIуэхэр

Дыгъэм

Тхьэм къыпхуищIэ
ФIыгъуэ нэхур:
ПщIэ тIумыхыу
Дунейр къогъэнэхур.

Мэт мэгугъэ

«А щIалэжьыр гугъу ехьыну
КъыщIэкIынщ», - жеIэ Мэт.
Къилъыхъуэну Iулъхьэ
щамыт щIыпIэ
Теуващ гъуэгуанэ Мухьэмэд.

Сомым и тхьэусыхэ

«Улъэщ-улъэщ?» упщIэр
Къызет куэдрэ Лацэ...
Сэ сылъэщтэмэ, апхуэдизрэ
Симыхьынт инфляцэм».

Мэшым

Налог имытми
Мэхъур Мэшым:
ЩIы щIагъым щещIэр
Абы и мэкъумэшыр.

●Къуажэхьхэр

Къэзыгъуэтыр зышх

♦И кIэр щIыбым дэтщ, и щхьэр гъуэмбым исщ, и кIэр бгъэкIэрахъуэмэ, унэм ущIыхьэнущ.

♦Къандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ къыщIохуэ.

♦КъанитI зэрошхри яку шхын къыдокI.

♦Къэзыгъуэтыр зышх, зышхыр зымыпшыныж.

♦Къырым къикI лъакъуэ кIыхь, ди унэ къихьэ фэрэкI напэ.

Жэуапхэр:

Iункlыбзэlух. Кlэртlоф. Щхьа. Дыгужь. Мастэ. Iэпхуантэ.

●Псалъэжьхэр

Насып зиIэм уэ къытепхын?

- Ахъшэр лъэмыжщ.
- ЗэфIэкI зиIэм унафэри IэщIэлъщ.
- Лъэщым уемыбэн, бейм уемыдауэ.
- Мыгъуэм и кIапсэр бейм егъэлажьэ.
- Насып зиIэм уэ къытепхын?
- Пщыгъэ къэзыхьыр джатэщ.
- Уи псалъэ гуапэми, уи къэпыр нэщIмэ, мыхьэнэншэщ.

✷ Акъылыр иужьреймэ, IэфракIэр дзэкъапIэщ.

✷ Акъылыр хадэхэкIым ещхьщ: тIури ежьужьым щыхъумэн хуейщ.

✷Губзыгъэм я бжыгъэр зыкIэ нэхъыбэу делэм къыфIощI.

✷ Уи бийр къыбдэзыубым, пфIэделэу щытами, губзыгъафэ ибоплъыж, уэри делафэ къыптоуэ.

✷ Хъунур езыр мэхъу жаIэми, зейм ещхьыжщ жаIэми къыпхуопсалъэ.

✷ Гъатхэм щыгугъым щIымахуэр зыхуегъэшэч.

✷ ДяпэкIэ сэ Iущ сыхъунщ жызыIам зэIищIэжынуIащ.

✷ Пщэдейуэ къытхуэмыгъэсыр къэсащ, дыгъуасэрейуэ дыкъыщIидзыжащ.

✷ Гугъэр - ныбгъуэщ, гъащIэр - бзущ.

✷ ГъащIэм и гуащIэр зыхэзымыщIэм гурыщIэкIэ зиуэзщIыркъым.

✷ ГъащIэм и кIэ уимыплъэу, абы и мыхьэнэр пщIэнукъым.

✷ ИщIэнур къанэу лIар игъуэ

●ЖыIэгъуэхэр

Гъатхэм щыгугъым щIымахуэр зыхуегъэшэч

нэмысщ, зэIищIэну псом хущIэмыхьар - и фIыгъуэщ.

✷ ФIылъагъуныгъэм къыхэкIыу фыз къишэну щысхь къэунэхуащ, ауэ зэгуэкIуам дэкIуэну щысхь зикI къахэкIыркъым.

✷ ТхакIуэмрэ критикымрэ Iупэфlэгъу зэхуэхъумэ, тIури кIуэдащ: щхьэж и Iуэху хуиту зэрихуэн хуейщ.

✷Фор зыфIэмыфIым ишхмэ, псыхэкIуадэ хъуркъым, пкъырыхьэмэ, хущхъуэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **6.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **7.** Пхъэм къыхабзыкI бжэмышх цIыкIу. **9.** Унагъуэ къэс яIэ хьэпшып. **11.** Транспорт лIэужьыгъуэ. **12.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **13.** Къэрэгъул, хъумакIуэ. **14.** Лым трищIэ пшэрыпIэ. **15.** ГъуэлъыпIэм дищIэ хьэпIацIэ. **16.** Нартхэм я ху жылапхъэр Сосрыкъуэ къызыфIихьыжа иныжь. **19.** Нэщхъеягъуэ къызыхэкI Iуэху, хьэлэбэлыкъ. **21.** Балийм нэхърэ нэхъ пIащэ пхъэщхьэмыщхьэ. **23.** Жьэгу натIэм иIэ тегъэувапIэ. **24.** Уэрэдым и зы Iыхьэ. **25.** Ямыупсу щхьэкум кърагъэу щыта щхьэц Iэрамэ. **26.** ШыкIэ IэкIуэлъакIуэ, шы тесыным хуэIэзэ. **29.** Уафэм къыщызыкIуэхь «бжьэхуц» гуартэхэр. **32.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **33.** Гъавэ лIэужьыгъуэ. **34.** Щхьэж уимыту яIыгъ цIыху. **35.** Гуэгушыхьум, къазыхьум я бгъэм трещIэ. **40.** «Сэ жысIэр уи фIэщ мыхъумэ ... дызэпигъэхьэ». **41.** Нартыху гъэлыгъуа хьэжыгъэ. **43.** Псыщхьэ тещтыкIа. **44.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **45.** Къуныжь Хьэждал ... жыIэнкIэ Iэзэт. **47.** Адыгэ усакIуэ КIэщт ... **49.** Узыпхрыщэ псылъэ щIыпIэ, ятIэпс. **50.** Цы кIэщI щабэ зытет щэкI Iув. **51.** Хьэкъущыкъум щыщ. **53.** Хьэцэпэцэ гъавэ. **54.** Мыщэм фIэбэлацэ хьэкIэкхъу экIэ. **55.** ЦIыхухъуцIэ. **57.** Бын. **58.** Унагъуэ псэущхьэ. ЗэрыжаIэмкIэ, ерыщщ, щхьэзыфIэфIщ. **59.** Налшык щыпсэу адыгэ уэрэджыIакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист. **60.** А си гъунэгъум хабзи ... ищIэркъым.

Къехыу: **1.** ХадэхэкI. **2.** Пщыкъуэм и щхьэгъусэ. **3.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **4.** Пхъащlэ Iэмэпсымэ. **5.** Зи гъэгъахэр къащхъуафэ-шакъафэ удз лъахъшэ дахэ цIыкIу. **8.** Къулейсыз, мылъку щIагъуэ зыбгъэдэмылъ. **10.** Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ. Ди губгъуэхэм, мэзхэм къыщокI. **17.** Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **18.** Пщыхьэщхьэм ... ин къыкъуэуащ. **19.** Гъэм и зэман. **20.** Уэнжакъым къокIри уафэм докIуей. **21.** ... кIуэцIыр хуабэщ. **22.** Лъэдиймрэ лъэгуажьэмрэ щIэзыгъанэ щыгъын. **27.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ. **28.** Къэбэрдей усакIуэ, тхакIуэ. **30.** Уи ... къысщыхуэ, плъэкIамэ, къыумыгъанэ. **31.** Уи щхьэ мыуэзым ... иумышэкI. **36.** Кавказ Ищхъэрэм щыщ республикэ. **37.** Бзугъащтэу хадэм ирагъэувэ. **38.** СССР-м и зэманым зэхьэзэхуэм щытекIуэ предприятэхэм, мэкъумэш хозяйствэхэм ирату щыта щэкI плъыжьышхуэ. **39.** Iэпслъэпсым щыщ. **41.** Гъавэ кърахьэлIэжыр щызэтракIутэ щIыпIэ. **42.** Куэзырым абы къытекIуэ хэткъым. **44.** Хьэжыгъэ, нартыху гъэлъэлъа хуэдэхэр зракIутэ, къызэрырахьэкI. **46.** Вакъэдыжым и Iэмэпсымэ. **48.** Хьэпщхупщ къайгъэншэ. **51.** ЩэкI къызыхащIыкI къэкIыгъэ. **52.** Абы я унагъуэм ... дахэ щызокIуэ. **54.** Дунейм ехыжам и цIэкIэ яугуэш ахъшэ. **56.** ЦIыху нэпсейм щхьэкIэ жаIэ: «Абы ... хьери щIэлъкъым».



Зэхэзылъхьар МЫЗ Ахьмэдщ.

ФокIадэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7.** ДыщэкI. **8.** Гуар тэ. **9.** Хьерлы. **10.** Тумэн. **11.** Ташло. **12.** Хъуапсэ. **15.** Сонэ. **16.** Къамэ. **22.** Дыщасэ. **23.** Щхьэмыж. **24.** Дунан. **25.** ШыщхьэIу. **27.** Емылыдж. **28.** ЛIыхъужь. **30.** Бжэн. **35.** Музей. **36.** Арджэн. **37.** Мысыр. **38.** Мастэ. **39.** ГумащIэ. **40.** Дурыс.

Къехыу: **1.** КIыгуугу. **2.** Гуэгуэн. **3.** ЩауапIэ. **4.** Атэлыкъ. **5.** Бедакъ. **6.** Члисэ. **13.** Дотэ. **14.** Амыщ. **17.** Дыжьын. **18.** Нащхьэ. **19.** Дуней. **20.** Гуэныхь. **21.** «Шыдыгъу». **26.** IутIыж. **27.** Епэр. **29.** Жьэрымэ. **30.** БлэгущIэ. **31.** Бухъар. **32.** Къуентхъ. **33.** Жызум. **34.** Гыныху.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылас Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Танэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ-пщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддээ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъумэр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныхьэмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1,3-нэ нап.)*, Бацэ ФатIимэ *(2,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Ныр Саидэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщI* Бищу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.028 ● Заказ №2942